ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№61 (24.343) • 2022 гъэм накъыгъэм (майм) и 28, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •



# УIэгъэ хъуа сэлэтхэм Путин Владимир яхуэзащ

**УФ-м и Президент Путин Владимир Урысей Федерацэм ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм и нэIэм щIэту лажьэ, Мандрыкэ П. В. и цIэр зезыхьэ, дзэм къулыкъу щызыщIэхэм щеIэзэ госпиталь нэхъыщхьэм щыIащ. Къэрал унафэщIым щIыгъуащ УФ-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и министр Шойгу Сергей.**

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым щыжиIэжащ УФ-м и Президентымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу дзэм къулыкъу щызыщIэ, госпиталым зи узыншагъэр щызэфIэзыгъэувэж щIалэмрэ зэрызэпсэлъар.

«Дзэм къулыкъу щызыщIэ щIалэхэу Путин Владимир зыхуэзахэм яхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ сэлэт. Дмитрий тIасхъэщIэхщ, Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр щрагъэкIуэкI щIыпIэм зауэ къалэныр щигъэзащIэу ар уIэгъэ хьэлъэ хъуащ. ЩIалэм Президентым зыхуигъэзащ уIэгъэ игъуэтам емылъытауэ адэкIи дзэм къулыкъу щищIэну хуит ищIыну елъэIуу. Дэ дрогушхуэ ди сэлэтхэм! ФIыщIэ яхудощI абыхэм я адэ-анэхэм», - щыжеIэ КъБР-м и Iэтащхьэм и тхыгъэм.

«ЯIэ е къыхуагъэфэщэну дамыгъэхэм емылъытауэ, ахэр Урысейм, Донбассым и цIыхухэмрэ сабийхэмрэ папщIэ зи узыншагъэкIэ, зи гъащIэкIэ шэсыпIэ ихьэ цIыхущ. Ахэр псори лIыхъужьщ! Аращ зэрыщыт дыдэр: дэтхэнэри и гъащIэр а Iуэхум хилъхьэнкIэ зэрыхъунур къыгурыIуэу и къалэным пэрытщ. ИкIи абы къыхэкIыуи лIыхъужьым хуэдэу абыхэм дахущытын хуейщ», - щыжиIащ Путин Владимир УФ-м и Къэрал Советым и Президиумым и зэIущIэм.

# ХьэрычэтыщIэхэм гъуэгу ират

**ХьэрычэтыщIэхэм я махуэм ирихьэлIэу, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек еблэгъащ Республикэм хьэрычэт Iуэхухэм зыщегъэужьынымкIэ и центрым.**

2019 ГЪЭМ зэфIаха лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ къызэрагъэпэщауэ щыта IуэхущIапIэр «зы щхьэгъубжэм» (абдеж дыдэм псори щызэфIэкIыу) хабзэм тету мэлажьэ. Хьэрычэт Iуэху зезыхуэхэм мыбы щагъуэт я лэжьыгъэм епха чэнджэщхэр, къыщIагъэкI хьэпшыпхэр ящэну хуит хъун папщIэ, сертификатхэр зэрызэрагъэпэщыну щIыкIэр къыщащIэ, хьэпшыпхэр хэIущIыIу зэращIыну щIыкIэм зыщрагъасэ, бизнес-планхэр щагъэхьэзыр. «Ди лэжьыгъэм и мардэ нэхъыщхьэр дэтхэнэ цIыхуми гуапэу дыхущытынырщ, щхьэж зыхуейр хуэтщIэнырщ», - жаIэ IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм.

**КIуэкIуэ Казбек** Центрым къекIуалIэ хьэрычэтыщIэ щIалэхэм ядэуэршэращ. Абыхэм Iэтащхьэр щыгъуазэ ящIащ я Iуэху еплъыкIэм. ТэмакъкIыхьу псоми едэIуа КIуэкIуэ Казбек IэщIагъэлIхэм къыхалъхьа гупыж зыбжанэ ядиIыгъри, ахэр ягъэзэщIэну Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ министерствэм и пщэ дилъхьащ. ЖэрдэмыщIэхэм ящыщт, псалъэм папщIэ, инфраструктурэм зыщIэгъэкъуэныр. Республикэм и УнафэщIыр зэреплъымкIэ, ар Центрым зыхуигъэувыжыпхъэ къалэнхэм хэгъэхьэн хуейщ. ЗэIущIэм хэтахэр тепсэлъыхьащ республикэм туристхэр къешэлIа зэрыхъуну щIыкIэми, псом хуэмыдэу «Налшык» курортым зиужьын папщIэ ягъэзэщIапхъэ мастер-планым. Апхуэдэуи къыхагъэщащ республикэм маркетологхэр - хьэпшыпхэр хэIущIыIу зыщIхэр - сыт хуэдэ зэмани къазэремэщIэкIыр. А IэщIагъэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ езыт еджапIэхэм щыхурагъэджэ зэрыхъунур къыхалъхьащ.

КIуэкIуэ Казбек хьэрычэтыщIэхэм я махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ. «Мы щIалэхэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэм, абыхэм ди щIыналъэр едгъэфIэкIуарэт зэрыжаIэм куэд елъытащ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. - Нобэ мыхьэнэшхуэ иIэщ къыщалъхуа щIыпIэм щылажьэ хьэрычэтыщIэхэм гъуэгу етыным. Къалэ администрацэхэм ялъэкI къагъанэ хъунукъым абыхэм зыщIагъэкъуэн папщIэ».




ЗэIущIэм къыщыхалъхьащ хьэрычэт Iуэху зезыхуэ IуэхущIапIэ цIыкIухэмрэ ику итхэмрэ кредит етынымкIэ фондым и мылъкур хэгъэхъуэн зэрыхуейм. Абы текIуэдэну ахъшэр республикэм и бюджетым хагъэкIми хъунущ. 2021 гъэм Фондым итащ щIыхуэу 166-рэ, псори зэхэту сом мелуан 70-м нэс. КъБР-м и ШэсыпIэ фондыр зэгурыIуэныгъэ 40-м и щыхьэту къэуващ, банк кредиту сом мелуан 280-рэ хьэрычэтыщIэхэм иратын папщIэ. Фондыр ядэIэпыкъуащ сом мелардым щIигъу банкхэм къыIахынымкIэ.

«Центрыр зэлэжь унэтIыныгъэхэм язщ экспортым зегъэубгъуныр. 2021 гъэм и кIуэцIкIэ дунейпсо щэхуапIэхэм республикэм щылажьэ IуэхущIапIэ 44-м я хьэпшыпхэр щагъэлъэгъуащ, IуэхущIапIэ 14-м зэгурыIуэныгъэхэр экспорт IуэхукIэ ящIащ, республикэм щыщ IуэхущIапIитху къалъытащ илъэсым и кIуэцIкIэ экспорт IуэхукIэ нэхъыфI дыдэу», - къыхигъэщащ Центрым и унафэщI Дыду Мадинэ.

Урысейм санкцхэр къыщращIылIа зэманым хьэрычэт Iуэху зепхуэну зэрыгугъум къызэхуэсахэр щытепсэлъыхьым, КIуэкIуэ Казбек жиIащ абы емылъытауэ, УФ-м и Правительствэм хьэрычэтыщIэхэм къарит Iэмалхэр къэгъэсэбэпын зэрыхуейм. Къинэмыщ Iауэ, республикэм и Iэтащхьэм унафэ ищIащ щIыналъэм и экономикэр зыхуэныкъуэ лъэныкъуэхэм зрагъэужьын папщIэ, къэралым ящигъэпсынщIэ псоми хьэрычэтыщIэхэр щыгъуазэ щIын зэрыхуейм теухуауэ.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Рахаев Борис**, КъБР-м ХьэрычэтыщIэхэм защIэгъэкъуэнымкIэ центрым и унафэщI **Дыду Мадинэ**, ЗыужьыныгъэмкIэ корпорацэм и унафэщI **Чочаев Ахъмэт**, КъБР-м и ШэсыпIэ фондым и унафэщI **Бечелов Залым**, Хьэрычэт IуэхущIапIэ мыинхэмрэ ику итхэмрэ кредит етынымкIэ фондым и унафэщI **Мечиев Камиль**, КъБР-м и бизнес-инкубаторым и унафэщI **Тхьэбысым Аскэр**, КъБР-м и ИнновацэхэмкIэ и центрым и унафэщI **Шестирублёв Сергей** сымэ.

# Гугъуехьхэм цІыхубэр зэкъуегъэувэ



**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек дыгъуасэ хэтащ Урысейм НэгъуэщІ къэрал ІуэхухэмкІэ и министерствэм Урысей Федерацэм и щІыналъэ Іэтащхьэхэм я советым дэлажьэм и зэІущІэм. Ар иригъэкІуэкІащ УФ-м къэрал ІуэхухэмкІэ и министр Лавров Сергей.**

ЗЭІУЩІЭР нэхъыщхьэу зытеухуауэ щытар щІыналъэхэр граждан жылагъуэ ІуэхущІапІэхэм зэрадэлажьэ щІыкІэрщ. Лавров Сергей жиІащ: «Фэ фолъагъу США-мрэ абы и телъхьэхэмрэ Урысейр сыт и лъэныкъуэкІи къызэрырагъэкІуэтыну Іэмал псори къызэрагъэсэбэпыр – экономикэм зэран хуэхъу санкцэхэм къыщыщІэдзауэ Интернетыр я тегъэщІапІэу хъыбар нэпцІхэр зэрыхаутІыпщхьэм щыщІэкІыжу. КъухьэпІэм и къэрал куэдыр урыс лъэпкъым бий къыхуащІащ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэ щытыкІэр правительствэхэми даІыгъ. Абы и лъэныкъуэкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ Путин Владимир иубзыхуа политикэмкІэ цІыхубэр зэрыарэзыр, абы и унафэр Урысейм и политикэ къару нэхъыщхьэхэми жылагъуэ, хьэрычэт зэгухьэныгъэхэми къызэрыдаІыгъыр. Къэралым щызэкъуоувэ къару узыншэхэр, хэкупсэхэр».

Советым и лэжьыгъэм теухуауэ КІуэкІуэ Казбек и телеграм-каналым щетх: «Советыр 2003 гъэм къызэрагъэпэщащ, сэ абы 2021 гъэм къыщыщІэдзауэ сыхэтщ. Урысейм и МИД-м епха советым и лэжьыгъэр зыхуэунэтІар УФ-м и щІыналъэхэр нэхъ жыджэру икІи купщІафІэу Урысей Федерацэм и Іуэхухэм хэгъэтыныршц. Ди жагъуэгъу къэралхэр иджыпсту зи ужь итыр ди цІыхубэр зэрызэкъуачыныршц. Урысейм къызэрыпэщІэувэ Іуэхухэм ящыщщ ЕтІуанэ дунейпсо зауэм и тхыдэр зэрыхуейуэ къызэрыратхыкІыжыр, Совет Союзымрэ абы щыпсэуа лъэпкъхэмрэ фашизмэм зэрытекІуар хагъэгъуэщэну зэрыхэтыр. Санкцэ и лъэныкъуэкІи къэралым къызэрымыкІуэу къытракъузэ. А псом емылъытауэ, нобэ Урысейм и цІыхубэр зэкъуэуващ ди Президент Путин Владимир и Іуэхур даІыгъыу».

«Къэралым и Іэтащхьэм и унафэхэр цІыхубэм даІыгъ икІи КъухьэпІэм ди къэралым къыпигъэув Іуэху мыхъумыщІэхэм Урысейр щыхъумэныр къалэн нэхъыщхьэ хъуащ», - дыщІегъу КІуэкІуэ Казбек и тхыгъэм.



## ЕГОРОВЭ Татьянэ: «Хэкупсэ нэс фызэрыхъуным шэч къытесхьэркъым»

**Депуев Хаким и цІэр зезыхьэ кадет школ-интернат №2-м накъыгъэм и 25-м, адрей курыт еджапІэхэми хуэдэу, иужьрей уэзджынэр къыщеуащ.**

ЕДЖАПІЭР къэзыуххэм ехъуэхъуну, ядэгуфІэну къызэхуэсат абыхэм я адэ-анэхэр, егъэджакІуэхэр, хьэщІэ лъапІэхуэ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ **Егоровэ Татьянэ**, Шэрэдж щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ **Кульбаев Алан**, КъБР-м промышленностымкІэ, энергетикэмрэ сатумкІэ и министр **ІэхъуэбжIэ Щамил**, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщІэныгъэмкІэ и министерствэм и къудамэм и унафэщІ **Мэлбахъуэ Алим**, хабзэхъумэ ІэнатІэхэм я ветеранхэр, журналистхэр, Шэрэдж щІыналъэм щыщ жылагъуэ лэжьакІуэхэр.

Махуэшхуэ зэхыхьэр къызэІуихащ кадет школым и унафэщІ Эристаев Абдурэхьман:

- Фи егъэджакІуэхэм къывбгъэдалъхьащ гъащІэм адэкІэ къыщыфхуэсэбэпын щІэныгъэ куу. Фи командирхэм хахуагъэм, лІыгъэм, фызрихьэлІэ лъэпощхьэпохэр къызэвнэкІыфыным, Хэкум фыхуэпэжыным фыхуагъэсащ. Сынывохъуэхъу балигъ гъащІэм щызыхуэвгъэувыж мурад псори зэвгъэхъулІэфыну. Нобэ кадет школыр къэзыух ныбжьыщІэ 22-м щыщу 18-м дзэ къулыкъур къыхахащ, дзэм щыхуагъасэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм я дэфтэрхэр хуагъэхьэзыращ. Тхьэм къывигъэхъулІэ!

ЕджапІэр къэзыух ныбжьыщІэхэм псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ Егоровэ Татьяни:

- Сигуми си псэми къабгъэдэкІыу сынывохъуэхъу цІыхум и гъащІэм хэт махуэшхуэ нэхъыщхьэхэм язымкІэ – Иужьрей уэзджынэм и махуэмкІэ. А махуэм мыхьэнэшхуэ иІэщ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, щІалэгъуалэм гъащІэм и зы Іыхьэ къызэранэкІауэ, щІэныгъэкІэ, акъылкІэ, ехъулІэныгъэкІэ, текІуэныгъэкІэ гъэнщІа гъуэгушхуэм тоувэ. Школым щывгъэкІуа илъэсхэм щІэныгъэм и лъабжьэр вгъэтІылъащ, фи гупсысэм зевгъэужьащ, фэркІэ нэхъыщхьэр зэхэвгъэкІащ. Мис а мыхьэнэшхуэ зиІа Іыхьэр къызэвнэкІауэ, балигъ гъащІэм лъэбакъуэщІэ хывочэ. ДяпэкІэ фэ къыфпэщылъщ къызэраух экзаменхэр, ІэщІагъэ къыхэхыныр, щІэтІысхьэгъуэр. Ауэ фэ кадет школым фыкъыщыкІуэм фызыхуей ІэщІагъэр къыхэфхакІэт. ИкІи къывоух республикэм и кадет школ нэхъыфІхэм ящыщ зыр.

Егоровэм къыхигъэщащ мы гъэм илъэсипщІ хъуауэ лажьэ школым ди хэкуэгъу цІэрыІуэ Депуев Хаким Сафар и къуэм и цІэр зэрызэрихьэр, абы и гъащІэр Хэкум тыхь зэрыхуищІар, и пщІэр зэриІыгъыжар.

- Депуевыр тетащ «ГъащІэр - Хэкум, щІыхьыр - зыми!» къыхуеджэныгъэм. Сыхуейт фэри ар зыщывмыгъэгъупщэну. Фэ къэвух еджапІэр зытелажьэр аращ - къэралым и тхыдэр, щэнхабзэр, хабзэр хъумэным, ахэр щІэблэм егъэджыным. Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир жиІащ: «Нобэ дэтхэнэ зы щІалэ цІыкІуми и щхьэр ихъумэжыфу, къыдалъхуахэмрэ и хэкумрэ къащхьэщыжыфу щытын хуейщ». Мис апхуэдэщ кадет школым къекІуалІэхэри зэрагъасэр. Фи нэхъыбэм мурад ящІащ сыт щыгъуи пщІэ зыхуащІу къекІуэкІа ІэщІагъэм - Хэкур хъумэным - я гъащІэр ирапхыну. Адрейхэм нэгъуэщІ лэжьыгъэм зыхуагъэсэнущ. Ауэ сыт хуэдэ ІэщІагъэ къыхэвмыхами, фыкъыщалъхуа хэкум, республикэм я сэбэп къызыхэкІын къалэн вгъэзэщІэну иужь фит. Школым къыщыфхалъхьа хьэлымрэ къыщывбгъэдалъхьа щІэныгъэмрэ къызэрыфхуэсэбэпынур си фІэщ мэхъу зыхуэвгъэувыжа мурадхэр зэвгъэхъулІэнымкІэ. Нобэрей махуэр балигъ гъащІэм фыщыхэбакъуэ дакъикъэ угъурлы ирехъу! Сэ шэч къытесхьэркъым фэ Хэкупсэ нэс фызэрыхъунум! - жиІащ Егоровэм.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым фІыщІэ псалъэкІэ захуигъэзащ кадет школым и егъэджакІуэхэм, сабийхэм я адэ-анэхэм.

Школыр къэзыуххэм ехъуэхъуащ Кульбаев Алан:

- Школым щывгъэкІуа пІалъэ дахэр и кІэм нэсащ. ДяпэкІэ къыфпэщылъ гъащІэр гъэщІэгъуэн куэдкІэ гъэнщІащ. Сыхуейщ а гъуэгуанэр кІыхьу, бгъуфІэу, нэхуу къыфхуэщІэкІыну, хэкум фыхуэпэжу, фыкъызыхэкІар фІыуэ флъагъуу фыпсэуну!

А махуэм фІыщІэ псалъэ куэд щыІуащ мы школым. Макъамэр, къафэр, дэрэжэгъуэр щыкуэд утыкум щІалэхэм щагъэлъэгъуащ кадет школым щызэхалъхьа хабзэхэр.

ХьэщІэхэм зрагъэлъэгъуащ кадет школ-интернат №2-м и Іэхэлъахэр, еджапІэ, спорт пэшхэр, зыгъэпсэхупІэхэр.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-ІуэхущІапІэ.***



# Эпидемиологие щытыкІэм топсэлъыхь

**Видеоконференц жыпхъэм иту КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм и цІыхухэм я санитар-эпидемиологие щытыкІэр егъэфІэкІуэным теухуа зэІущІэм. Ар ирагъэкІуэкІащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэ Чайкэ Юрийрэ «Роспотребнадзор»-м и унафэщІ Поповэ Аннэрэ.**

ЩІЫНАЛЪЭХЭМ щыІэ эпидемие щытыкІэм и гугъу ящІащ «Роспотребнадзор»-м и къудамэу хэгъэгухэм щылажьэ ІуэхущІапІэхэм я унафэщІхэм. ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ эпидемиологие кІэлъыплъыныгъэр къызэгъэпэщыным теухуа Іуэхухэм, апхуэдэуи Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щІыналъэхэм эпидемиер къыщымыгъэхъунымкІэ, абы пэщІэтынымкІэ Іэмалхэр гъэзэщІа зэрыхъунум.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкІыу зэІущІэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ Хъубий Маратрэ «Роспотребнадзор»-м и къудамэу республикэм щыІэм и унафэщІ Пагуэ Жыраслъэнрэ.

## Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІэщІэгъуэкІэ цІыхухэр здэпсалъэ хъуну телефонхэр:

**8(8662) 40-89-70, 40-34-32.**

КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ

# Мыхьэнэшхуэ зиIэ зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэ

**КъБР-м и Праламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ накъыгъэм и 26-м зи чэзу зэIущIэр иригъэкIуэкIащ. Абы еджэгъуитIкIэ къыщащтащ «КъБР-м и бюджетыр 2021 гъэм зэрагъэзэщIам теухуауэ», «КъБР-м ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и бюджетыр 2021 гъэм зэрагъэзэщIам теухуауэ» КъБР-м и законхэм я проектхэр.**

АПХУЭДЭУИ депутатхэр едэIуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ, егъэджэныгъэмкIэ, социальнэ IуэхухэмкIэ и IуэхущIапIэхэм я Iуэхутхьэбзэхэр нэгъабэ зэрагъэзэщIам и фIагъыр къызэрапщытам теухуауэ республикэм и Iэтащхьэм къыхилъхьа отчётым.

ЗэIущIэм арэзы щытехъуащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэм теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 3-1-мрэ 21-мрэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» КъБР-м и законым и проектым. Дэфтэрыр зыхуей хуагъэзэнущ 2021 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м «УФ-м и къэрал къулыкъухэм ятеухуауэ» Федеральнэ законым и Iыхьэ 50, 51-хэм ягъуэта зэхъуэкIыныгъэхэм тету. Абы къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, зэхъуэкIыныгъэхэр зэпхар къэрал IэнатIэ Iутхэм я улахуэ фондырщ.

ЕтIуанэ еджэгъуэу къащтащ «ЩIыналъэм зезыгъэужь проектхэм я реестрым хэтхэм IуэхущIапIэр зэрыхагъэхьэ е зэрыхамыгъэхьэ щIыкIэм теухуауэ» КъБР-м и законым и проектыр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетыр 2021 гъэм зэрагъэзэщIам къыщытеувыIэм, КъБР-м финансхэмкIэ и министр Лисун Еленэ жиIащ республикэм и хэхъуэр сом мелард 51,9-рэ зэрыхъуар (илъэсым иIэну траухуар проценти 104-кIэ ягъэзэщIащ).

- Налогхэмрэ нэгъуэщI хэхъуэхэмрэ проценти 104,5-кIэ дгъэзэщIащ. Ар 2020 гъэм диIам нэхърэ сом мелард 1,6-кIэ нэхъыбэщ. Къапщтэмэ, налогхэр къызэратымкIэ ди Iуэхухэр ефIэкIуащ, - къыхигъэщащ министрым. - Зымыгъэзэж хэхъуэу нэгъабэ сом мелард 38,2-рэ республикэм къэкIуащ. Абы щыщу дотацэр - сом мелард 15,8-рэ мэхъу, субсидиехэр - сом мелард 14,1-рэ, субвенцэхэр - сом меларди 3,5-рэ, бюджет зэхуаку трансферту - сом меларди 4,6-рэ. Шэч хэмылъу, хэхъуэхэм я нэхъыбэр цIыхухэм защIэгъэкъуэным, узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, мэкъумэшым, щэнхабзэмрэ спортымрэ хуэгъэзащ. Республикэм къигъэсэбэпащ сом мелард 50,2-рэ. Ар дубзыхуам и процент 97,7-рэ мэхъу. Ахъшэр къэрал программэ 26-м хыхьэу къыдогъэсэбэп. Абыхэм сом мелард 49,2-рэ къызэщIаубыдэри, процент 98-кIэ дгъэзэщIащ. Республикэм къигъэсэбэпа ахъшэм и процент 76-р (сом мелард 38,3-р) социальнэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэм тещIыхьауэ щытащ. Сом мелард 14 тедгъэкIуэдащ цIыхухэм зэрызащIэдгъакъуэ Iэмалхэм. Апхуэдэу дэIэпыкъуныгъэ ягъуэтащ цIыху мин 350-м щIигъум.

Мэкъумэш IэнатIэм елэжь цIыху 1874-м защIэдгъэкъуащ - псоми зэхэту сом меларди 2,6-кIэ. 2021 гъэм хуэдэ 1,5-кIэ нэхъыбэ хъуащ гъуэгу лэжьыгъэхэм тедгъэкIуадэ ахъшэри - сом меларди 3,9-рэ абы ехьэлIауэ къэдгъэсэбэпащ. Апхуэдэуи 2021 гъэм коронавирусым земыгъэубгъуным ехьэлIа Iуэхухэм сом меларди 3 хухэдгъэкIащ, лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэным - сом меларди 8,3-рэ. Бюджетыр хабзэм тету дгъэзэщIащ, - жиIащ Лисун Еленэ.

КъыкIэлъыкIуэу, КъБР-м финансхэмкIэ и министрыр тепсэлъыхьащ «Республикэ закон щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и законым и проектым. Абы жиIащ дэфтэрыр Iуэхугъуэ нэхъыщхьищым тегъэщIауэ зэрызэхагъэувар. Япэрауэ, зэхъуэкIыныгъэр зэхьэлIар «Унагъуэр, анэр, адэр, сабиигъуэр хъумэным теухуауэ» КъБР-м и Закон №21-РЗ-рщ. Дэфтэрым дыщIагъуащ зи ныбжьыр илъэси 8-м къыщыщIэдзауэ 17-м нэсхэм мазэ къэс зэрызыщIагъэкъуэну ахъшэр зэрат щIыкIэр. Лисун Еленэ зэрыжиIамкIэ, апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэр яIэрыхьэнущ сабий мин 63-м щIигъум. Ахъшэр 2022 гъэм и накъыгъэм ятын щIадзащ. Министрым къызэрыхигъэщамкIэ, а Iуэхум федеральнэ субсидиеу сом меларди 7,5-рэ текIуэдэнущ, щIыналъэм япэ Iыхьэм хилъхьэнущ сом мелуан 376-рэ (адэкIэ Iуэхур зэрекIуэкIым елъытауэ бжыгъэм зихъуэжынкIэ хъунущ). Законопроектым и етIуанэ, ещанэ Iыхьэхэр траухуащ АПК-м зегъэужьыным-рэ мэкъумэш IэнатIэм субсидиекIэ зыщIэгъэкъуэнымрэ, апхуэдэуи бюджет ахъшэр зэрытрагуашэ щIыкIэм.

КъБР-м ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и бюджетыр 2021 гъэм зэрагъэзэщIам тепсэлъыхьащ IуэхущIапIэм и унафэщI Бгъэжьнокъуэ Зурият. Абы жиIащ IуэхущIапIэм нэгъабэ и хэхъуэр сом мелард 11,9-рэ зэрыхъуар, къигъэсэбэпар - сом мелард 11,8-рэ.

- IуэхущIапIэм и хэхъуэр нэхъыбэу къызыхэкIар субвенцэхэрщ, коронавирус узыфэ зиIэхэм ОМС-мкIэ защIэгъэкъуэным хуэгъэза бюджет зэхуаку трансфертхэрщ (сом мелард 1,7-рэ), нэгъуэщI щIыналъэхэм ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ я фондхэм епхауэ ди республикэм зыщызыгъэхъужахэм папщIэ къаутIыпща ахъшэрщ (сом мелуан 444,9-рэ). НэгъуэщI хэхъуэхэр дгъэзэщIащ процент 106,8-кIэ (сом мелуан 33,9-рэ мэхъу). Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу нэгъуэщI щIыналъэхэм зыщызыгъэхъужын хуей хъуахэм яхухэтхащ сом мелуан 832,9-рэ. - жиIащ къэпсэлъам.



Апхуэдэуи Бгъэжьнокъуэм утыку кърихьащ «КъБР-м ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и бюджетыр 2022 гъэм, 2023, 2024 гъэхэм тещIыхьауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» КъБР-м и законым и проектыр.

- Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэтлъхьэныр къызыхэкIар дохутырхэмрэ ику ит щIэныгъэ зиIэ медицинэ лэжьакIуэхэмрэ я улахуэр щаткIэ фондым абы хилъхьэн папщIэ бюджет трансферт ахъшэу сом мелуан 46,9-рэ къызэрылъытапхъэрщ, лышх узыфэхэр къызэрахутэм къыхэкIыу медицинэ лэжьакIуэхэр зэрагъэгушхуэ ахъшэкIэ къызэгъэпэщын зэрыхуейрщ (сом мелуан 320-рэ текIуэдэнущ), къищынэмыщIауэ, ОМС зиIэхэм, коронавирус узыфэм ирисымаджэхэри яхэту, медицинэ дэIэпыкъуныгъэ етыным тещIыхьауэ IуэхущIапIэм и щIыналъэ программэхэр зэригъэзэщIэну бюджет зэхуаку трансферту сом мелуан 31-рэ дэщIыгъужынырщ. Апхуэдэуи 2021 гъэм и дыгъэгъазэм ирихьэлIэу медицинэ хуэIухуэщIэхэм къадэхуа сом мелуани 152,8-р фондым и щIыналъэ программэр 2022 гъэм зэригъэзэщIэну Iуэхухэм хуэутIыпщыныр къыхыдолъхьэ, - жиIащ Бгъэжьнокъуэм.

Депутатхэр арэзы техъуащ «КъБР-м зэгухьауэ фэтэр куэду зэхэт унэ щыщаухуэкIэ цIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэным теухуауэ» КъБР-м и законым и проектым и япэ еджэгъуэм.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр Асанов Алим къеджащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ, егъэджэныгъэмкIэ, социальнэ IуэхухэмкIэ и IуэхущIапIэхэм я Iуэхутхьэбзэхэр нэгъабэ зэрагъэзэщIам и фIагъыр къызэрапщытам теухуауэ республикэм и Iэтащхьэм и отчётым.

Къэпсэлъам зэрыжиIамкIэ, 2021 гъэм къапщытащ республикэм и IуэхущIапIэ 207-рэ (577-м щыщу): узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэу - 20, щэнхабзэм и IуэхущIапIэу - 43-рэ, егъэджэныгъэм епхауэ - 122-рэ, социальнэ Iуэхухэр къызэзыгъэпэщу - 22-рэ.

- Къэпщытэныгъэм кърикIуам нэрылъагъу ещI 2019 гъэм едгъапщэмэ, щIыналъэм Iуэхутхьэбзэхэр зэрыщызэфIахыр зэрефIэкIуар. Къэбгъэлъагъуэмэ, 2022 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м ирихьэлIэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым Урысей Федерацэм етхуанэ увыпIэ щиIыгъщ унэтIыныгъэ псомкIи процент 94,14-рэ иIэу, - къыхигъэщащ министрым.

ЗэIущIэм депутатхэм зэдэарэзыуэ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хагъэхьащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, РАЕН-м, тырку лъэпкъхэм я дунейпсо академием я академик Улаков Махъты.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Жэуапхэм поплъэ



**Федеральнэ, республикэ законхэм я проектхэм щыхэплъа зэIущIэ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ иригъэкIуэкIащ.**

РЕСПУБЛИКЭМ и хабзэ щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэнымрэ языныкъуэхэм къару ямыIэжу къэлъытэнымрэ теухуа законым и проектым хэплъэн щIадзащ. КъБР-м и Парламентым законодательствэмрэ щIыпIэ унафэр зезыхьэ IуэхущIапIэхэмкIэ и комитетым и унафэщI **Мэлбахъуэ Борис** жиIащ КъБР-м и хабзэ зыбжанэ республикэмрэ къэралымрэ я конституцэхэм, федеральнэ закон щхьэхуэхэм я мардэм тегъэхьэным зэрелэжьыр.

Хэхыныгъэхэмрэ референдумхэмрэ, я унэм щIэсыжу электрон IэIэтым хэтхэм я хуитыныгъэхэм, Iулъхьэм пэщIэтыным теухуа федеральнэ законхэм зэхъуэкIыныгъэ зэрагъуэтам къыхэкIыу зэхагъэува «Республикэм и закон щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн» законым и проектым зэIущIэм щыхэплъащ.

«КъБР-м пщIэншэу юрист Iуэхутхьэбзэ щагъуэтыным» теухуа республикэ законым и Iыхьэ щхьэхуэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуа проектым тепсэлъыхьащ депутатхэр. ПщIэншэу юрист Iуэхутхьэбзэ зыхуащIэхэм я хуитыныгъэхэм дыщIагъу шэсыпIэхэм тещIыхьа а проектыр къыхилъхьащ УФ-м ЮстицэмкIэ и министерствэм КъБР-м щиIэ и Управленэм. Абы къыщагъэлъэгъуащ юрист Iуэхутхьэбзэ пщIэншэу зыхуащIэхэм хагъэхьэну зауэм зи щхьэ къыхэзыхахэр, пIалъэкIэ УФ-м щыIэну хуит ящIахэр, Донецк, Луганск ЦIыхубэ республикэхэм IэмалыншагъэкIэ къиIэпхъукIауэ КъБР-м щыIэхэр.

ЗэIущIэм щыхэплъащ цIыхубэр автомобиль, гъущI гъуэгу, электрическэ транспортхэмкIэ къызэгъэпэщыным и проектми.

Законхэм я проектхэр хуагъэхьащ абыхэм хэплъапхъэхэм. Жэуапхэр кърагъэхьыжмэ, зи нэIэ щIэт комитетхэм ахэр къыщыхалъхьэнущ КъБР-м и Парламентым и зэIущIэ къыкIэлъыкIуэнухэм.

Депутатхэр тепсэлъхьащ егъэджэныгъэм, Iулъхьэм зэрыпэщIэт, узыфэ зэрыцIалэхэр хущхъуэкIэ къызэрагъэувыIэ Iэмалхэм, гидрометеорологие IуэхущIапIэм теухуа федеральнэ проектхэм.

КъБР-м и Парламентым Жылагъуэм шынагъуэншагъэмрэ Iулъхьэм пэщIэтынымкIэ и комитетым и унафэщI **Кривко Михаил** зэIущIэм хэтхэр щигъэгъуэзащ «Алимент зымытхэм ятеухуа суд унафэхэр зэрагъэзащIэм» хухэхауэ комитетым щагъэбелджыла Iуэху еплъыкIэм къару зэригъуэтым.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.***

# Унафэхэр яубзыху

**КъБР-м и Правительствэм хэтхэм я зи чэзу зэIущIэ иригъэкIуэкIащ Мусуков Алий. Абы и къуэдзэ Хъубий Марат, КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Къардэн Мурат, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, УФ-м и Президентым и лIыкIуэу Ипщэ Федеральнэ округым щыIэм и аппаратым и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэ Мэкъуауэ Тимур сымэ.**

ЗЭIУЩIЭМ Iуэхугъуэ 18 щызэпкърахащ, зэхъуэкIыныгъэ халъхьащ Правительствэм и унафэм и проект зыбжанэм. Къапщтэмэ, КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм и ухуэкIэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэм къыхэкIыу, министр **ДыщэкI Аслъэн** утыку кърихьащ Правительствэ унафэм и проектыр зэрызэрахъуэкIыжар, абы псори арэзы техъуащ.

«Единая карта жителя КБР» проектыр республикэм гъэзэщIа зэрыщыхъум теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Ащхъуэт Ислъам**. КъащIэхум пщIэ зэрыщIат IэмалыщIэу республикэм щызэтраублэну я мурадым теухуа проектыр зыхуей хуэгъэзэным и гугъу ищIащ Ащхъуэтым. Ар Iэмал хъарзынэщ ди цIыхухэм я Iуэхур нэхъ псынщIэ щIынымкIэ, къащэхухэмрэ къыхуащIэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ тыншу уасэ щIатынымкIэ, социальнэ ахъшэу къаIэрыхьэхэр картэм къихьэнымкIэ, къищынэмыщIауэ, ар тещIыхьащ ди хэгъэгум иджырей технологиещIэхэр къыщыгъэсэбэпыным, ахъшэр тыншу зэIэпахыным.

Я IэнатIэхэм ехьэлIа проектхэм халъхьэну зэхъуэкIыныгъэм и гугъу ящIу къэпсэлъащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр **Къалэбатэ Рустам**, КъБР-м финансхэмкIэ и министр **Лисун Еленэ**, КъБР-м щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр **Шаваев Ильяс** сымэ.

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэу къащхьэщыжынымкIэ и министерствэр зэрылажьэ хабзэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным и IуэхукIэ проектым теухуауэ къэпсэлъащ министрым и къуэдзэ **Ацкъан Ратмир**. Абы зэрыжиIамкIэ, зэхъуэкIыныгъэхэр кърикIуащ министерствэм 2022 гъэм щIышылэм и 1-м къыщегъэжьауэ УФ-м и Пенсэ Фондым и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм Iуэхутхьэбзэ 35-рэ зэрыритыжам, езыхэм я къалэным социальнэ ахъшэ куэд тыныр (сабийхэм, пенсионерхэм, щIыуэпсым и къэхъукъащIэ шынагъуэхэм я зэранкIэ лей къызытехьахэм) къызэрыхэхъуам, нэгъуэщIхэми.

Ацкъаным утыку кърихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм ахъшэкIэ ядэIэпыкъуным теухуа унафэу 6-м я проектхэр. Ахэр зытеухуар Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэхухэм ди щIыналъэм щыщу хэкIуэда цIыхуи 5-мрэ уIэгъэ щыхъуа цIыху 51-мрэ республикэ бюджетым къыхэкIыу ахъшэ етынырщ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

ДифI догъэлъапIэ

## БАЛЪКЪЭР Дахэнагъуэ:

# Гуапагъэм гугъуехь псори докIуэдыж



**Дохутырхэм я нэхъыбэр, гу зэрылъыстащи, зэрысабийрэ а IэщIагъэм щIэхъуэпсу, я гум щагъафIэу къокIуэкI. Абыхэм ящыщщ Балъкъэр Дахэнагъуи. «Си гупсысэр абы щыхуэкIуар къысхуэщIэжыркъым, ауэ дохутыр сызэрыхъуным сызэрысабийрэ шэч къытесхьэртэкъым. А зэманым сыщыхэплъэжкIэ мастэмрэ фонендоскопымрэ сытым дежи сIыгъыу сызэрыдэтар си нэгу къыщIохьэж», - жеIэ Дахэнагъуэ.**

КУРЫТ школыр къиухри, пщащэр и хъуэпсапIэм хуэкIуэу Осетие Ищхъэрэ къэрал медицинэ академием щIэтIысхьащ. Илъэсиблкlэ абы щеджэри, ординатурэр Москва щрихьэкIащ. Абы къыдэкIуэуи и IэщIагъэм и япэ лъэбакъуэхэр къэралым и къалащхьэм щичащ. Еджэныр къиуха нэужь, Балъкъэрым къигъэзэжащ къыщыхъуа щIыналъэм икIи участковэ терапевту Нартан лэжьэн щыщIидзащ. IэщIагъэ и пIалъэ къищIэнымкIэ, и щэхухэм хэгъуэзэнымкIэ абы зэрыщылэжьар икъукIэ щхьэпэ хуэхъуауэ къелъытэ бзылъхугъэм. Иджыпсту Балъкъэр Дахэнагъуэ Налшык дэт Поликлиникэ нэхъыщхьэм терапевту икIи эндокринологыу щыIэщ.

**<u>- IэщIагъэм ущыпэрыува япэ махуэхэр уигу къэбгъэкIыжмэ...</u>**

- Пэжыр жысIэнщи, сызэрыгугъамрэ къызэрыщIидзамрэ зэтехуэртэкъым. Дызэреджа тхылъхэм дызыщагъэгъуэзам фIыуэ къыщхьэщыкIырт узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм и ухуэкIэр икIи абы тыншу сесакъым. Ауэ а сызыIууэ гугъуехьхэр сщагъэгъупщэжырт си фIыгъэкIэ узыншэ хъужа цIыхухэм я псалъэ гуапэхэм.

**<u>- Дахэнагъуэ, уэ терапевтми эндокринологми я къалэнхэр богъэзащIэ. А унэтIыныгъитIыр зэхэдгъэщхьэхукIыу, сымаджэр и щытыкIэм елъытауэ зэкIуэлIэну дохутырыр наIуэ къэдгъэщIыт.</u>**

- Къапщтэмэ, терапевтыр сымаджэр псом япэу зыбгъэдыхьэ дохутырщ. АдэкIэ абы и щытыкIэм елъытауэ, езым и Iэзэгъуэ хэлъмэ, къыкIэлъыплъынущ е зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIым и деж игъэкIуэнущ. Терапевтым зыкъыхуэзыгъазэхэм я узыфэхэр нэхъыбэу къызыхэкIыр тэмэму зэрымышхэмрэ Iэпкълъэпкъыр тэмэму зэщIэмыкIыу зэрыщытымрэщ. Ахэр сыт хуэдэ жыпIэмэ, шхынгъэткIу органхэм епха узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэрщ, лъыдэуей лъагэрщ.

Эндокринологыр эндокриннэ узыфэхэр зыпкърытхэм еIэзэ дохутырщ. А гупым хыхьэу дуней псом нэхъ зыщызыубгъуар фошыгъу диабетымрэ щитовиднэ железам епха узыфэхэмрэщ. Апхуэдэ дагъуэ гуэри зыхуимыщIыжми, дэтхэнэми эндокринологыр илъэсым зэ зригъэплъын хуейщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди щIыналъэм щыпсэу куэдым къагурыIуэркъым узыфэр бгъэхъужыным нэхърэ ар къэмыгъэхъуныр Iэджэкlэ зэрынэхъ тыншыр.

**<u>- КъызэралъытэмкIэ, фошыгъу диабетыр дунейпсо медицинэр зыIууэ узыфэ нэхъ гугъухэм икIи хьэлъэхэм хабжэ. Ар хэмытIасэу къэпхутэн щхьэкIэ узым зыкъызэрыуигъащIэ сыт хуэдэ нэщэнэхэм гулъытэ нэхъ хуэщIыпхъэ?</u>**

- Къыхэгъэщыпхъэщ фошыгъу диабетыр япэ, етIуанэ лIэужьыгъуэу зэрызэщхьэщыкIыр. Зэхуэдэ нэщэнэу яIэр лъым хэлъ фошыгъур зэрыдэкIуейрщ. Япэ лIэужьыгъуэ зиIэхэм я Iэпкълъэпкъым езым и инсулиныр къемэщIэкIыу мэхъури, ирагъэкъужын папщIэ хущхъуэ дэIэпыкъуэгъу хуащI. Ар мастэу халъхьэу аращи, псэухукIэ зрихьэлIэнущ. ЕтIуанэ лIэужьыгъуэм хуэдэ зиIэхэм нэхъыбэрэ урохьэлIэ. Сымаджэхэм я процент 90-м узыфэр къызыхахар егъэлеяуэ пшэр зэрыхъурщ. Аращи, лы лей къэзыщтэн щIэзыдза цIыхур а узыфэр иIэнкIэ шынагъуэу къалъытэ гупым хабжэ.

Зэпымыууэ псыхуэлIэ уиIэмэ, щIэх-щIэхыурэ угъутхьэну ухуеймэ, щIыфашхэ ухъуамэ, ахэр фошыгъу диабетым и «хъыбарегъащIэщ». ЦIыхухэм я деж нэсхьэсыну сыхуейт: фошыгъу диабетым зыщыфхъумэфынущ Iэпкълъэпкъым и «уэзджынэхэм» и чэзум гулъытэ хуэфщIмэ. Абы папщIэ лъым хэлъ фошыгъум и закъуэкъым щIэх-щIэхыурэ къэфпщытэн хуейр. Мыхьэнэшхуэ яIэщ инсулиным и щытыкIэми «индекс НОМА» анализыр зыхуэдэми. Абы къигъэлъагъуэ бжыгъэр нэхъ лъагэхукIэ, узыфэм нэхъ гъунэгъу фыхуохъу. Лъым хэлъ фошыгъур мардэм тету илъэс бжыгъэкIэ екIуэкIынкIи хъунущ, ауэ абы щыгъуэми инсулиным и щытыкIэр узыгъэгузавэу.

Фошыгъу диабетыр узыфэ бзаджэщ, ар зэрекIакIуэм елъытауэ, абы къегъэхъей нэгъуэщI узхэри. Псалъэм папщIэ, нэхэм зэралъагъум кIэреч, псантхуэ узыфэ зэхуэмыдэхэр къыхокI, жьэжьейхэр тэмэму мылажьэу мэхъу. Абы къыхэкIыуи сымаджэр дохутырым и жыIэм ткIийуэ тетыпхъэщ.

**<u>- Фошыгъуузыр зиIэр сыт хуэдэ хабзэхэм тетын хуей, и щытыкIэр нэхъ Iей мыхъун папщIэ?</u>**

- Апхуэдэ цIыхум гъащIэ узыншэ зэрырихьэкIынум и акъылыр триухуэн хуейуэ аращ. Махуэ къэскIэ хьэуа къабзэм хэту къикIухьыпхъэщ, щхьэж и зэфIэкI елъытакIэ спорт лIэужьыгъуэ гуэрым зыдригъэхьэхыныр фIы дыдэщ, мыхьэнэшхуэ иIэщ жэщым сыхьэт 11-м нэхъ фIэмыкIыу угъуэлъыжыным, Iэпкълъэпкъри акъылри абы егъэсауэ тэмэму зыгъэпсэхуа ухъун папщIэ. Ерыскъым куэд дыдэ елъытащ: къэуат щIэлъу, ауэ емыгъэлеяуэ щытыпхъэщ, IэфIыр хэгъэкIыпхъэщ, углевод зыхэлъ шхыныгъуэр гъэмэщIапхъэщ. Къапщтэмэ, фошыгъу диабетыр зиIэ сымаджэхэм я мызакъуэу, узыншэу щытыну хуей псоми я мардэщ ахэр.

**<u>- Иужьрей лъэхъэнэм медицинэм зыужьыныгъэшхуэхэр щокIуэкI, технологие лъэщхэм я Iэмалхэр къагъэсэбэпурэ узыфэ шынагъуэ куэд ягъэхъужыф хъуащ. Нобэ фошыгъу диабетым зэрыпэлъэщын Iэзэгъуэ щыIэ?</u>**

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, фошыгъу диабетым и япэ лIэужьыгъуэр пхуэгъэхъужыркъым, сымаджэр псэухукIэ инсулин мастэр зыхилъхьэнущ. ЕтIуанэ лIэужьыгъуэр и чэзум къахутэрэ, ар зиIэ цIыхур гъащIэ узыншэ зэрырихьэкIынум хущIэкъуу и шхыным кIэлъыплъмэ, физическэ жыджэрагъэм хигъахъуэмэ, пхуэгъэхъужынущ. Абы и щапхъэхэр мащIэкъым. Узыфэр хэтIэсамэ, ар Iэмалыншэщ. Ауэ апхуэдэ сымаджэми дохутырым и жыIэр игъэзащIэу зэгугъужу зыкIэлъыплъыжмэ, узым нэхъ тыншу декIуэкIынущ.

«Ей, бетэмал, илъэс зыбжанэ ипэкIэ къызжепIахэм щхьэ семыдэIуарэт», - жаIэу сымаджэхэм сыт хуэдизрэ зэхэсха. Уи жагъуэ мэхъу зи узыншагъэм зыкъигъэза, сэбэп узыхуэхъуфыну сымаджэр дохутырым и гъусэу и узым пэщIэмыувэу имышхыпхъэ ерыскъым кърит гурыфIыгъуэр япэ зэрыригъэщыр, апхуэдэ щIыкIэкIи абы къыхихыну ныкъуэдыкъуагъэр, уеблэмэ и гъащIэр езым нэхъ кIэщI зэрищIыжыр зыгуригъэIуэну хэмыту. Ди зэпсэлъэныгъэр къэзгъэсэбэпу газетым и щIэджыкIакIуэхэм лъэIукIэ захуэзгъэзэнут: фи сабийхэр фымэгъэшхакъуэ, балигъым и Iыхьэм хуэдиз къахутевмыгъэувэ, ерыскъы къагъэнар евгъэшхыжынуи хэвмыгъэзыхь. Ди республикэм исщ пшэрыIуэу зэрыщытым къыхэкIауэ фошыгъу диабетым и етIуанэ лIэужьыгъуэр зиIэ щIалэгъуалэ куэд. Абыхэм сащепсалъэкIэ наIуэ мэхъу я хьэлъагъыр куэдыIуэ зэрашхым къызэрыхэкIар, шхыным хуаIэ нэхъуеиншагъэр я сабиигъуэм къызэрыщежьэр. Хабзэу зыхуэвгъэувыжи, махуэ къэс дакъикъэ 30 - 40-кIэ къызэрыфкIухьыным фыхущIэкъу. Фи фIэщ зэрыхъун, зыхэфщIэу абы фи щытыкIэр нэхъыфI ищIынущ.

**<u>- Шэч хэлъкъым дохутырым и лэжьыгъэм къаруушхуи гуащIэшхуи зэрытекIуадэм, жэуаплыныгъэшхуэ пхэлъуи абы упэрытын зэрыхуейм. IэщIагъэр къызэрыхэпхам ущыхущIегъуэж къыпхуихуэрэ?</u>**

- Иджыри сыщеджэм япэ курсхэм сыщIэсу абы и лъэныкъуэкIэ сыщызыщIэгупсысыж къысхуихуэу щытащ. Лэжьыгъэм и пIалъэм дыщыхагъэгъуазэ дерсхэм щIэддза нэужь, зэи шэч къытесхьэжакъым сызыхуеджэ Iуэхум. IэнатIэм сыпэрыувэри, а IэщIагъэм сыкъызэрыхуигъэщIар зыхэсщIащ. «Упсэу, си узыншагъэр куэдкIэ нэхъыфI хъужащ», - къыбжезыIэ сымаджэхэм, ар ягуми я псэми къызэрыбгъэдэкIыр кърипщIэу, я нэхэм къыщIих гуапагъэр зыхуэбгъэдэн щыIэкъым. Лэжьыгъэм пыщIа гугъуехь псори абы докIуэдыж.

*Епсэлъар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Махуэгъэпс



# Ставрополь щызэхэтыну зэпеуэр къыпоплъэ

**Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм щекIуэкIащ мафIэс-къегъэлакIуэ IэнатIэхэм я еплъыныгъэ-зэпеуэм и япэ Iыхьэр, «Лучшее звено газодымозащитной службы МЧС России» цIэр зыIэрыгъэхьэным ехьэлIауэ щытар.**

АР ирагъэкIуэкIащ IэнатIэхэр мафIэс гъэункIыфIыным, ущыбэуэну гугъу щIыпIэхэм къинахэр къегъэлыным зэрыхуэхьэзырыр ягъэлъэгъуэн мурадкIэ. Зэхьэзэхуэхэм хэтащ щIыналъэ МЧС-м и мафIэс-къегъэлакIуэ IэнатIэхэм Iугъуэм, гъуэзым цIыхухэр щыхъумэным зи лэжьыгъэр теухуа и гуп нэхъыфIхэр.

Еплъыныгъэ-зэпеуэр щекIуэкIым трагъэщIащ теорие и лъэныкъуэкIэ Iуэхум зэрыхуэхьэзырым, СИЗОД Iэмэпсымэхэр зэрылажьэр тэмэму икIи псынщIэу къызэрапщытэм, газым, Iугъуэм зэщIищтауэ щымыбэуэф щIыпIэм СИЗОД-р къыщыгъэсэбэпыным, нэгъуэщI унэтIыныгъэхэми.

Япэ Iыхьэм абыхэм къапэщытт Iуэху зэмылIэужьыгъуэу 7-м пэлъэщыныр. ЕтIуанэ Iыхьэм «лей зытехьахэр» къагъуэтри, абыхэм ящыщ зым япэ дэIэпыкъуныгъэ иратащ, дэтхэнэми къигъэлъэгъуащ и IэщIагъэм зэрыхуэIэкIуэлъакIуэр.

Еплъыныгъэ-зэпеуэм кърикIуахэмкIэ бжьыпэр иубыдащ мафIэс-къегъэлакIуэ часть хэхам и ГДЗС-м и гупым (къэрэгъулым и унафэщIыр Архэст Артурщ). МафIэс-къегъэлакIуэ часть №1-м и ГДЗС-м и гупым етIуанэ увыпIэр къихьащ (къэрэгъулым и унафэщIыр Хужьокъуэ Хьэсэнщ) Ещанэ хъуащ мафIэс-къегъэлакIуэ часть №22-м и ГДЗС-м и гупыр (къэрэгъулым и унафэщIыр Хьэмжу Алимщ).

Бжьыпэр зыубыда командэм республикэм и щIыхьыр щихъумэнущ мэкъуауэгъуэм Ставрополь щекIуэкIыну щIыналъэ зэхьэзэхуэм.

**УАРДЭ Женя.**

## Мы махуэхэм

**Накъыгъэм и 28,**
***щэбэт***

♦**Дыгъужь плъыжьым и дунейпсо махуэщ**
♦**УФ-м щагъэлъапIэ Гъунапкъэхъумэм и махуэр**
♦**1930 гъэм** къалъхуащ АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ тхакIуэ, СССР-ми УФ-ми я Къэрал саугъэтхэм, Шолоховым и цIэр зезыхьэ, ДАХ-м я саугъэтхэм я лауреат, Адыгэ Республикэм и гимныр зытха **МэшбащIэ Исхьэкъ**.
♦**1930 гъэм** къалъхуащ киноактёр, КъБР-м и цIыхубэ артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Молей Барэсбий**.
♦**1950 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щыщ жылагъуэ лэжьакIуэ, хьэрычэтыщIэ, меценат **Джэрыджэ Хьэсэн**.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 – 25-рэ, жэщым градус 12 - 14 щыхъунущ.

**Накъыгъэм и 29,**
***тхьэмахуэ***

♦**ООН-м и мамырщIэкъу къарухэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Дзэ автомобилистым и махуэщ**
♦**1929 гъэм** къалъхуащ литературэдж, критик цIэрыIуэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъШКъУ-м и профессору, ЩIДАА-м и вице-президенту, Къэрэшей-Шэрджэсым и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIу щыта **Бэчыжь Лейлэ**.
♦**1964 гъэм** къалъхуащ шэрджэс усакIуэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, хэхэс адыгэхэм я литературэр джыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа **Абдокъуэ Маринэ**.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 – 27-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

**Накъыгъэм и 30,**
***блыщхьэ***

♦**1952 гъэм** къалъхуащ пшынауэ Iэзэ, КъБР-м и цIыхубэ артист **Сэхъу Хьэсэн**.
♦**1970 гъэм** къалъхуащ телережиссёр, искусствоведенэмкIэ кандидат, УФ-м и Артиадэм и лауреат **Сэралъп Самарэ**.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 29-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Шым епсыхыу шыдым шэсыркъым.**

Филологым и махуэ

# ЩIэныгъэ псоми къахэлыдыкI унэтIыныгъэ

**Дунейм и къэхъугъэ нэхъыщхьэ дыдэщ бзэр. ЩIы хъурейм лъэпкъыу тетым я тхыдэр, зэрахьэ хабзэхэр, адрейхэм къазэрыщхьэщыкI я лъэпкъ нэщэнэхэр, гупсысэкIэмрэ псэукIэмрэ къозыгъащIэу щыIэр абыхэм я бзэращ. Дэтхэнэри зей лъэпкъым и гущIэм узэрынэсыфщ, и гупсысэхэм уазэрылъэIэсыф Iэмэпсымэщ, абы къикIуа гъуэгуанэм, игъуэта зыужьыныгъэмрэ зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэмрэ къызэрыпщIэф Iэмалщ. Бзэмрэ литературэмрэ елэжьхэр, а унэтIыныгъэмкIэ къэхутэныгъэ езыгъэкIуэкIхэр, ахэр щIэблэм езыгъэджхэр, библиотекэ, газет, журнал лэжьакIуэхэр, зэдзэкIакIуэхэр - филологие щIэныгъэ зэзыгъэгъуэта IэщIагъэлI псори зэкъуегъэувэ дызэрыт мазэм и кIэуххэм ди къэралым щагъэлъапIэ абыхэм я махуэм.**

ФИЛОЛОГИЕМ щIэныгъэ унэтIыныгъэу Европэм зыщыщиужьар XVII лIэщIыгъуэращ. Бзэр, псалъэр фIыуэ лъагъун зэрыхуейр къыхагъэщу, жаIэрт а щIэныгъэр адрей псоми къахэлыдыкIыу, апхуэдэуи унэтIыныгъэ псори зэришалIэу, сыту жыпIэмэ дэтхэнэ щIэныгъэми щыгъуазэ узэрыхуэхъуфыр псалъэм, бзэм я Iэмалхэращи.

Урысейм «филологие» псалъэр шэщIауэ къагъэсэбэпу щыхуежьар XIX лIэщIыгъуэращ. Санкт-Петербург къэрал университетым 1850 гъэм къыщызэIуахащ тхыдэ-филологие факультет щхьэхуэ. Абы къыкIэлъыкIуэу дунейм къытехьауэ щытащ «Введение в общую филологию» тхылъ цIэрыIуэр, къыдэкIыу хуежьащ «Филологические записки» щIэныгъэ журналыр. А журналыр япэу дунейм къыщытехьа 1860 гъэм къыщыщIэдзауэ бзэм къыхыхьащ икIи зыщигъэбыдащ «филологие» псалъэм.

Зызыужь, ефIакIуэ, къэхутэныгъэ къызэрымыкIуэхэр щекIуэкI филологие щIэныгъэм нэхъапэми хуэдэу, иджыри къызэщIеубыдэ лъэпкъым и щэнхабзэмрэ литературэмрэ, тхыдэмрэ бзэмрэ ехьэлIа лэжьыгъэ унэтIыныгъэ псори. Филологхэм сыт хуэдэ лъэхъэни я къалэн нэхъыщхьэхэр ехьэлIащ дунейпсо тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ ятеухуауэ бзэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ ятхауэ щыIэ псори джыным, а лъэпкъ фIыгъуэхэр къэкIуэну щIэблэхэм яхуэхъумэным.

БзэщIэныгъэм и махуэмкIэ ди гуапэу дохъуэхъу зи IэщIагъэкIэ, Iуэху зехьэкIэкIэ, гупсысэкIэ, гурыщIэкIэ абы епхауэ гъащIэр езыхьэкI дэтхэнэми. Бзэр фIыуэ флъагъуу, псалъэм пкърылъ къарумрэ иIэ мыхьэнэмрэ зыхэфщIэрэ абы гурыфIыгъуэ къыфхуихьу фыпсэуну, зывузэщIыну!

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

### ГъэщIэгъуэнрэ купщIафIэу

Адыгэхэм я бзэр дуней псом щынэхъ пасэрей дыдэхэм, гъэщIэгъуэныщэхэм, купщIафIэхэм ящыщ зыщ. Шэч хэмылъу, а зырауэ щытынкIэ мэхъу Азие Ипщэм щыIауэ кIуэдыжа бзэхэм я щэхухэр къэхутэнымкIэ «IункIыбзэIух» хъуфынури. Зэгуэр лъэщ дыдэу щыта бзэ зэлъэпкъэгъухэм я зы пыудахуэ абхъаз-адыгэхэм я бзэм къыпкърыкI къарум къуегъащIэ ахэр зыхэпсэукI дунейр зэхэзыщIыкIыфынур акъылкIэ даIуэ цIыхурауэ зэрыщытыр.

**МЕССАРОШ Лайош,**
*венгр щIэныгъэлI. 1839 гъэ*

### Адыгэбзэм и лъапсэгъущ

Абхъаз-абазэбзэмрэ убыхыбзэмрэ я лъапсэгъущ адыгэбзэр. Зы лъэхъэнэм мыхэр зы бзэу щытащ, нэхъ иужьыIуэкIэ абы ирипсалъэхэм яку дэлъ зэгурыIуэныгъэр яфIэкIуэда щхьэкIэ.

А бзэхэм емылэжьым дежкIи нэрылъагъущ абыхэм зы лъабжьэ зэраIэр, зы гупсысэм къызэригъэщIар.

**ХЕЛИГ Моникэ,**
*нэмыцэ бзэщIэныгъэ лэжьакIуэ. 1988 гъэ*

## Бзэмрэ псалъэмрэ ятеухуа жыIэгъуэхэмрэ псалъэжьхэмрэ

- Псалъэ бзаджэ губзаджэщIщ, гурыщхъуэ щIыныр хуэмыхугъэщ.
- Псалъэ бутIыпщам аркъэн кIэлъумыдзыж.
- Псалъэ дахэм гъущIыр къегъэш.
- Псалъэ дахэм пщIэ щIатыркъым.
- Псалъэ мышыур шхын мышыум хуэдэщ.
- Псалъэ щабэ гущабэщIщ.
- Псалъэ IэфIыр мэгъущIэри, псалъэ дыджыр мэщIытэ.
- Псалъэм псалъэ покIуэжри, удыным удын покIуэж.
- Псалъэм уемыплъ, къипсэлъым еплъ.
- Псалъэр куэдрэ жыпIэмэ, мэ щоу.
- Псалъэр куэдрэ бгъэныщкIумэ, IэфI хъужыркъым.
- Псэлъэрейм едэIуэгъуейщ.

# Лъэпкъ филологием и лъагапIэхэр



**Ди щIыналъэр ящыщщ бзэщIэныгъэм зыужьыныгъэ ин щызыгъуэтхэм. АбыкIэ фIыщIэшхуэ бгъэдэлъщ Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм. Университетым и къудамэхэм я нэхъыжьхэм халъытэ филологие IэнатIэм лэжьэн щIидзащ илъэс 90 ипэкIэ, 1932 гъэм, абы щыгъуэ Псыхуабэ (Пятигорск) къыщызэIуахауэ щыта Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутым хэту.**

ПЕДИНСТИТУТЫМ и факультетищым - физикэмрэ математикэмкIэ, биологиемкIэ, филологиемкIэ - щрагъаджэрт егъэджакIуэ 13-м. ИужькIэ къызэрагъэпэщащ тхыдэмкIэ факультетри. ФилологиемкIэ факультетым и зы къудамэт бзэщIэныгъэхэмкIэ кафедрэри. Абы Борыкъуей ТIутIэ я унафэщIу щылажьэрт адыгэбзэмкIэ, балъкъэрыбзэмкIэ, урысыбзэмкIэ егъэджакIуэхэр. Зыпэрыт Iуэхум къыдэкIуэу кафедрэм и егъэджакIуэхэу Елбэд Хьэсэн, ДыщэкI Мухьэмэд, ЦIагъуэ Мухьэмэд сымэ, я унафэщIыр я пашэу, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэшхуи я пщэм дэлът: лъэпкъ тхыбзэм и хабзэхэр гъэбелджылын, литературэбзэм и мардэхэр убзыхун, сабийхэр зэрырагъэджэну тхылъхэр гъэхьэзырын, адыгэ IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыжын, джыжын, нэгъуэщIхэри.

1937 гъэм Налшык ухуэн щаухащ пединститутым и унэр икIи еджапIэ нэхъыщхьэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм къагъэIэпхъуэжащ. А илъэс дыдэм бзэщIэныгъэхэмкIэ кафедрэр тIууэ ягуэшащ: урысыбзэмкIэ кафедрэ, лъэпкъыбзэхэмкIэ кафедрэ. Апхуэдэу екIуэкIащ Хэку зауэшхуэм щIидзэху. А лъэхъэнэм кафедрэм и лэжьакIуэхэу ДыщэкI М., Елбэд Хь., Кумыщ Хь., ТIажь Ш., Хьэбырэ И. сымэ куэд зэфIагъэкIащ адыгэбзэм и фонетикэр, псалъэ къэхъукIэр, синтаксисым хэлъ щхьэхуэныгъэхэр, лъэпкъ литературэм и зыужьыкIэр къэхутэным теухуауэ. Ауэ дахэу ежьа а лэжьыгъэр, адыгэ лъэпкъыр хуабжьу зыхуэныкъуэр, къызэпиудащ зауэм. Абы и мафIэм япэ махуэхэм щегъэжьауэ пэрыхьэри, зауэ гъуэгуанэ хьэлъэр якIуащ кафедрэм и лэжьакIуэхэу ДыщэкI Мухьэмэд, ТIажь Шэхьбан, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, Къардэн Бубэ, Нало Ахьмэдхъан сымэ. Бийр ди лъахэм ирагъэкъэбзыкIыжа нэужь, 1943 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м пединститутым и лэжьыгъэр Налшык щызэтриублэжащ.

40 - 50 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал пединститутым и пащхьэ ита къалэн нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщщ егъэджакIуэкIэ IэнатIэр къызэгъэпэщыныр. ЕгъэджакIуэ 59-м ящыщу 11-рт еджагъэшхуэ степень зиIэр. Апхуэдэу зэтеубла хъуатэкъым щхьэхуэу адыгэбзэмрэ литературэмкIэ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыным и Iуэхури. Ар къалъытэри, институтым къыщызэIуахащ зэуэ IэщIагъитIым - адыгэбзэмрэ литературэмрэ, урысыбзэмрэ литературэмрэ - щыхурагъаджэ къудамэ, литературэмкIэ факультетым хэту. 1945 - 1968 гъэхэм абы и унафэщIу лэжьащ адыгэхэм ящыщу япэу филологие щIэныгъэхэм я кандидат хъуа АбытIэ Мухьэб. ЩIэныгъэлIыр я пашэу кафедрэм и лэжьакIуэхэм а илъэсхэм къыдагъэкIащ адыгэбзэр курыт, ищхьэ еджапIэхэм зэрыщрагъэдж тхылъхэр, программэхэр. АбытIэм и гуащIэшхуэ хэлъщ Москва япэу дунейм къыщытехьа «Къэбэрдей-шэрджэс литературэбзэм и грамматикэ» (1957), «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и псалъэгъэнахуэ» (1999) лэжьыгъэшхуэхэм. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри лъэпкъ филологием и хэлъхьэныгъэ инт, дауи.

Адыгэбзэмрэ абы и лъэпкъэгъу бзэхэмрэ я зэпыщIэныгъэхэр, я хабзэхэр, зыужьыкIэр джыным, лъэпкъ литературэм къикIуа гъуэгуанэр къэхутэжыным хуэунэтIауэ лэжьыгъэ щхьэпэхэр зэфIагъэкIащ Къардэн Бубэрэ ЩоджэнцIыкIу Iэдэмрэ. 1945 - 1952 гъэхэм Къардэныр егъэджакIуэ нэхъыжьу, доценту, пединститутым и директору лэжьащ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ лъэпкъ бзэщIэныгъэм хэлъхьэныгъэфI хуэхъуа лэжьыгъэ куэд, псалъалъэ зэмылIэужьыгъуэхэри тхылъеджэхэм гукъинэж ящыхъуа художественнэ тхыгъэри хэту.

ЩоджэнцIыкIу Iэдэм егъэджакIуэфI къудейтэкъым, аращ ди литературэм лирическэ прозэм и лъабжьэр щызыгъэтIылъар. Абы и повестхэр лъэпкъ прозэм и нэхъыфI дыдэхэм хабжэ. Апхуэдэу ЩоджэнцIыкIум адыгэбзэкIэ къигъэпсэлъащ урыс, дунейпсо литературэхэм я классикхэу Шекспир Уильям, Пушкин Александр, Есенин Сергей, нэгъуэщIхэми я художественнэ тхыгъэ нэхъыфIхэр. ЖыпIэнурамэ, а лъэхъэнэм кафедрэр хъуащ лъэпкъыбзэр, IуэрыIуатэр, литературэр джыным и центр нэхъыщхьэ.

Абы IэщIагъэлI Iэзэхэр щылэжьэну къащтэ, ар зыхыхьэ институтым аспирантури къыщызэIуах. А илъэсхэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ ирагъэджу кафедрэм щылэжьащ щIэныгъэлI цIэрыIуэхэу Урыс Хьэталий, Нало Ахьмэдхъан, Нало Заур, ХьэкIуащэ Андрей, нэхъ иужьыIуэкIэ абыхэм гъусэ къахуэхъужащ КIуащ Тамарэ, Тау Хьэзешэ, Тхьэбысым Сэмихь сымэ. Илъэс куэдкIэ адыгэбзэмкIэ кабинетым и унафэщIу лэжьащ Хьэгъэбанэ ХьэIишэт.

60 - 70 гъэхэрщ адыгэбзэмрэ литературэмрэ джыным ехьэлIа щIэныгъэ лэжьыгъэ нэхъыбэ дунейм къыщытехьар. Адыгэбзэм, IуэрыIуатэм, литературэм ехьэлIауэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэ куэд ягъэхьэзыращ еджагъэшхуэ цIэрыIуэхэу Урыс Хьэталий, Нало Ахьмэдхъан, ХьэкIуащэ Андрей, Тау Хьэзешэ, Къэмбэчокъуэ Iэдэм сымэ. ЩIэблэр егъэджэным, гъэсэным я зэфIэкI ирахьэлIащ кафедрэм щылэжьахэу Гъут Iэдэм, БакIуу Хъанджэрий, БищIо Борис, Абдокъуэ Iэуес, Иуаныкъуэ Нурбий, Къэмбэчокъуэ Риммэ, Шэру Хьэсен, нэгъуэщIхэми. Нобэ лъэпкъ бзэщIэныгъэм, литературэ щIэныгъэм я IэнатIэхэм къэхутэныгъэхэр щезыгъэкIуэкI ныбжьыщIэхэм я дежкIэ гъуазэу щытщ а нэхъыжьыфIхэм я монографиехэр, статьяхэр.

Къызэрызэ IуахрэI мы гъэм илъэс 90 ирикъу адыгэбзэ кафедрэр дапщэщи хущIокъу лъэпкъым хуэщхьэпэн Iуэхугъуэ куэд зэфIэхыным, щIэныгъэ-къэхутэныгъэм, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ ехьэлIа ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрыгъэхьэным. Кафедрэм и лэжьыгъэм ноби щынэхъыщхьэщ щIэблэр егъэджэныр, къыхаха IэщIагъэм - «Хэку филологие» («Адыгэбзэмрэ литературэмрэ») - фIыуэ хащIыкIыу еджапIэ нэхъыщхьэр къегъэуухыныр. Кафедрэм щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэри ирегъэкIуэкI. Абы и егъэджакIуэхэр, магистрантхэр, аспирантхэр лъэпкъ щIэныгъэм (бзэм, IуэрыIуатэм, литературэм) къэхута мыхъуауэ хэлъ Iуэхугъуэ гугъухэм йолэжь, зэпкърах, я къэлъыхъуэныгъэхэм къэрикIуахэр къэралым къыщыдэкI щIэныгъэ журнал пажэхэм къытрырагъадзэ, дунейпсо утыкум кърахьэ.

Ди кафедрэр къызэгъэпэщащ бзэмкIэ, IуэрыIуатэмкIэ, литературэмкIэ щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIхэмкIэ. Дэ къытхэтщ бзэ щIэныгъэхэм я докторхэр, кандидатхэр, профессорхэр, доцентхэр, егъэджакIуэ нэхъыжьхэр. Зы илъэси къэмынэу ди егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм, зэфIэкIым щыхагъахъуэ курс зэмылIэужьыгъуэхэм. Апхуэдэу ахэр жыджэру хэтщ кафедрэм щекIуэкI щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэм. Ди лэжьыгъэхэр я утыку къыдохьэ щIэх-щIэхыурэ дызыхэт республикэпсо, къэралпсо, дунейпсо щIэныгъэ зэхуэсхэм. Абыхэм ящыщ куэд къытрадзэ Scopus, Web of Science библиографие, реферативнэ дунейпсо базэхэм хыхьэ щIэныгъэ журнал цIэрыIуэхэм. Абыхэм уи тхыгъэ къытрадзэн щхьэкIэ, абы щIэныгъэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ еплъыкIэщIэ гуэр хэлъын хуейщ, ар къызыхэщ рецензэ купщIафIэри щIыгъужу.

Ди IэщIагъэлIхэм КъБКъУ-м иIэ къудамэ псоми я студентхэм адыгэбзэр, лъэпкъ тхыдэр, щэнхабзэр ирагъэдж; лъэпкъ художественнэ дунейр, адыгэ-абхъазыбзэхэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр къахутэ. Кафедрэм и егъэджакIуэхэр ядолажьэ Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс, Осетие Ищхъэрэ-Алание республикэхэм, Ставрополь, Краснодар крайхэм, адыгэхэр щыпсэу хамэ къэралхэм гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ щыIэ институтхэм, щэнхабзэмкIэ центрхэм.

Гъэсэныгъэ лэжьыгъэми мыхьэнэшхуэ щегъуэт кафедрэм. Ди егъэджакIуэхэр хущIокъу студент-щIалэгъуалэм зэхэщIыкI лъагэрэ гъэсэныгъэ дахэрэ егъэгъуэтыным; цIыхугъэм и щапхъэхэр, гуп хэтыкIэ хабзэхэр, благъэми хамэми яхуэфащэ пщIэмрэ нэмысымрэ къагурыIуэу, Хэкур фIыуэ ялъагъуу, жылагъуэ, щхьэзакъуэ Iуэхухэр зэрагъэзэгъыфу егъэсэным.

Къыхэгъэщыпхъэщ ди республикэм и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм университетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэр къэзыухахэм ехъулIэныгъэ зэрыщаIэр. Мыбы и гъэсэнхэрщ нобэ щэнхабзэм, литературэм, СМИ-м я лэжьыгъэхэр зыунэтIыр. Ахэр жыджэру хэтщ экономикэми политикэми. Псом хуэмыдэу абыхэм я гуащIэ халъхьэ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм. Адыгэбзэ къудамэр къэзыуха егъэджакIуэхэм ящыщ куэд мызэ-мытIэу къыщыхэжаныкIащ республикэпсо, къэралпсо зэпеуэхэм. «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым пашэ щыхъуахэри мащIэкъым.

Мы махуэхэм ди къэралым щагъэлъапIэ Филологым и махуэмкIэ си гуапэу сохъуэхъу си лэжьэгъухэм, бзэщIэныгъэлIхэм, бзэмрэ литературэмрэ езыгъэджхэм, а щIэныгъэм зи гъащIэр епха дэтхэнэми. Жылагъуэм и пащхьэ хэхауэ жэуаплыныгъэ зэрыщытхьыр, лъэпкъми и псэр зыхэлъ и бзэр хъумэныр, зегъэужьыныр къалэн нэхъыщхьэу дызэриIэр тщымыгъупщэу, дызыпэрыт IэнатIэу ди псэм щыщ хъуар узыншэу етхьэкIыну, ехъулIэныгъэщIэхэр зыIэрыдгъэхьэну си гуапэщ. Лэжьыгъэм дыпэлъэщыныкIэ дэ диIэщ гъуазэ тхуэхъу нэхъыжьыфIхэр, ди ужьми къоувэ ныбжьыщIэ Iущхэр. А псоми фIэщхъуныгъэ къытхелъхьэ ипэкIэ дыплъэну, гъуэгу махуэ дызэрытетри хьэкъ къытщещI.

**ТIЫМЫЖЬ Хьэмыщэ,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и унафэщI.*

# Вагъуэм хуэдэр я щIэблэу

**ЗекIуэ ежьа гупым я цIэкIэ хъыджэбзхэм жэщщыс е пщащэ зэхэс ящIу щытащ. Гъуэгу техьам кIэлъыхъуахъуэу, къыщIэлъ IуэхуМ фIы траIуэу нэхур къатещхьэхункIэ япэ жэщыр ирахырт. ХэдыкIхэр хадыкIыу, уагъэ-щагъэхэр зэIуащэу, дэнлъэчхэр зэрахъэу жэщ псор ягъакIуэрт. Нэщхъыфlэу, гушыIэу, уэрэдхэр жаIэу нэху ягъэщмэ, гъуэгу техьахэм фIы хуащIэу, я гугъуехьыр щагъэпсынщIэу, лъэпощхьэпохэм пэIэщIэ хуащIу я фIэщ хъурт.**

ПЩАЩЭ зэхэс зыщIыну ныбжьыщIэ цIыкIухэм къуажэм е хьэблэм дэс зы бзылъхугъэ нэхъыжь ираджэрт. ЦIыхубзыр губзыгъэу, угъурлыуэ, фIэлIыкI иIэу щытын хуейт. Ираджа цIыхубзыр жэщщыс щащIыну унэм и бжэщхьэIум зэребакъуэу псы IэфI жыхуаIэр IэщIагъэувэрт. Абы нанэр техъуэхъухьырт. Ныуэжь хъуэхъуфэкIэ зэджэ а хъуэхъубзэр кIыхь дыдэтэкъым:

*Хъыджэбзхэр фыдыщащэ защIэщ,*
*Дыщэр фи Iэпэм къыпыщу,*
*Дыжьыныгъуэ щауэхэр*
*къыфщIэупщIэу,*
*Лэныстэр вгъэIущащэу,*
*Мастэр щабэу вгъадэу,*
*Ивдэр дыщэплъу,*
*Вдар вгъэужьыру,*
*Жьы ящIэтщ жаIэрэ*
*ЗэрыжаIэм фыхуэдэу*
*Дунейм фытезэшэху фыпсэуну*
*сывохъуэхъу!*

Апхуэдэ хъуэхъур зэкIэлъызыгъэкIуа нанэр хъыджэбзхэм унэкум ирашэрт, къыхуагъэува шэнт щхьэгуэ цIыкIум егуэпэкIыурэ трагъэтIысхьэрт. Лъахъшэ цIыкIуу етIысэха нанэм и Iэлъэщlыр щабэу трахырт, и щхьэцыр къыхуражьыхырт, тIууэ хуаухуэнырти, къахэсыну, къадэуэршэрыну, гъуджэиплъэм къыхыхьэну елъэIурт. Нанэм хьэуэ къыхигъэкIыу щытакъым. Жэщыку пщIондэ нанэр пщащэхэм яхэст, жаIэр ядыжиIэу, ящIэр ядищIэу.

Жэщыкум фIэкIа нэужь, зи ныбжь хэкIуэта цIыхубзым и пащхьэ хъыджэбзитIым зэпаIыгъэу гъуджэ кърахьэрт, зекIуэ ежьахэм я гъуэгур кърилъагъукIын, зи насыпыр япэ къэкIуэнур къищIэу къажриIэн хуэдэу. ХьэтIохъущыкъуей Ипщэ (Зеикъуэ) къуажэм щыщ Унэж Хьэбибэ къызэриIуэтэжу щытамкIэ, цIыхубз нэхъыжьым зытриха Iэлъэщlыр гъуджэщхьэм къытралъхьэрт, шэху уэздыгъэ и пащхьэ ирагъэувэжырт. ЦIыхубзым и Iитlыр и лъэгуажьитIым телът, IэпхъуамбэжьакIэмкIэ лъэгуажьащхьэм мащIэу иритеуэу. Абы щыгъуэ жаIэу щыта мыпхуэдэ хъуэхъу-тебжэхэр щыIэщ:

*Зи гъуэгур бзэпс,*
*Зи псыр чэнж,*
*Мазэр зи гъуазэ,*
*Дыгъэр зи нэху,*
*Зигу плъырыр къэлъагъуэ,*
*Зи лъагъуэ къэплъым дегъэплъ.*

ИтIанэ гъуджэр мазэнэху щIыбымкIэ мащIэу хуагъазэрти, шэху уэздыгъэр зэрагъэлынIыфIу гъуджащхьэм телъ Iэлъэщlыр зэуэ кърапхъухырт. Гъуджэм къыхэлъэгъукIауэ къалъыта щIалэм и псэлъыхъу хъыджэбзым и Iэужьрэ уагъэщагъэрат а жэщым зи Iуэху зэрахуэри. Ежьам и Iуэхури къэнам и дэлъри зэхэту жэщщысым щыжаIэу щыта хъуэхъуэрэдым и зы кIапэлъапэ ди деж къэсащ:

*Уэ зы хэкукIэ дыхэку Iумахуэщ,*
*ЗекIуэ дгъакIуэхэр щIалэ Iумахуэхэщ,*
*Нэху щагъэщыр къумым и жьантIэщ,*
*ЖьантIэ дэсхэм тыгъэр къытхуашэ,*
*Ар езыхэр быным я пажэщ,*
*Я жэрхэр алъпым я щылъхущ,*
*Къумыхьэу, тхьэкIумэгъэкIщ,*
*Къанлоухэщ,*
*Я кIэр ягъэпщ,*
*Зыкъезыпщыт зылъэмыщIысщ,*
*«Щыхьащэ!» – жаIэрэ дэкIмэ,*
*Дарий хэкIыр тай-тайуэ къахь,*
*ЧэруанакIуэу ахэр жьэгу пащхьэм*
*Махъшэ чырэу къыщагъэтIыс,*
*ГъунэгъуэхэрплъакIуэ къежэкIмэ,*
*Дарий саугъэтыр IэщIалъхьэ,*
*Хъыджэбз цIыкIухэр къайхъуэхъумэ,*
*Гулмэдынхэр тралъхьэ,*
*Унагъуэу къыздекIуэлIэжыр*
*Унагъуэ лъэщщ,*
*Чэщей пхъэхур я бжаблэщ,*
*Пхъэм и бланэр я бжькъущ,*
*Мыкъутэр я тхыцIакIуэщ,*
*Сатыру ирикIуэр дзажэщ,*
*Я жьэгу лыгъуэлыбжьэщ,*
*Я бжьаIуэ гуэрэнищэщ,*
*Я гублащхьэ щIым нэскъым,*
*Пхъашэ-хушэр зэблокI,*
*Гу зэтеткIэ къыдашэ,*
*Къашэу хъугъэр назычэщ,*
*Трачыхэр кIадащхьэ[щ],*
*Я жьэгу шатэжь щагъавэ,*
*Тхъури кIадэу йовыкI,*
*Я нысащIэхэр зэблокI,*
*Хъугъуэфlыгъуэхэр зэблах,*
*Шатэр Iуву трах,*
*Уэ я хьэщIэр жьантIакIуэу,*
*Яхэмыкl усакIуэу,*
*Дахэу зекIуэр я нысэу,*
*Вагъуэм хуэдэр я щIэблэу,*
*Я мэл гуартэр мыгъазэу,*
*Зарыхуэхыр я кIапэу,*
*Iэрыщхьэлыр уфафэу,*
*Щыхьыфэр я лъэгурыдзу,*
*Дзыдзафэр я бгъафэ тебзэу,*
*Бзуущыр я пIэ ухуауэ*
*ПсэукIэ нэху,*
*ПсэукIэ хуабэ, я Алыхь, къыдэт,*
*Дэ къытхуэхъуахъуэми къет!*
*Апхуэду дунейр дэ тхуэмэхуэн,*
*Дэ дызижагъуэм хуэмыгъуэн,*
*И унагъуэр зэкIэлъымыкIуэу,*
*ЦIыху лъхуди къакIэлъымыкIуэу,*
*Берычэтри и жьэгу емыкIуэу,*
*Гъуэгу зэрытехьэни имыIэу,*
*ГъуэгумкIэ къихьынуми пэIэщIэу,*
*ЦIыхум я IэщIыбу*
*И унагъуэбжэр IэщIыбкIэ хуегъэщIыж!*

Зэхэс щащI унэкум зы баш кIыхь, и щхьэр дэбзыкIищкIэ ихауэ итт, щхьэж и гум щигъафIэ щIалэм и цIэкIэ бэлътоку кIэращIэу. Бэлътоку кIапэр зы IэмкIэ яIыгъыу, адрей Iэр къыбгъурыт хъыджэбзым и Iэблэм телъу а башым и хъурейгъкIэ къеуджэкIыу щытахэщ.

ДыблэкI мыхъуну иджыри зы Iуэхугъуэ щыIэщ. Ар шым, зекIуэлIым, зекIуэм къару нэрымылъагъухэр щхьэщыжакIуэу, хъумакIуэу яIэу къалъытэу зэрыщытарщ. IуэрыIуатэм къыхощыж апхуэдэ зыщыплI. Пасэрей адыгэ фIэщхъуныгъэм и щIэинщ ЗекIуэтхьэр. Зи жьэгу пащхьэ дэкIа шууейхэм, гъуэгу тетхэм, зекIуэ губгъуэ ихьахэм ЗекIуэтхьэ я щхьэщыжакIуэт. Абы къимыдэкIэ нэхъыжьхэм ди деж къахьэсащ Созэрэщ, Лъэпщ, Аужэдж, Тхьэщэрыпхъухэм я цIэхэри.

Шапсыгъ къэIуэтэжакIуэ Куэбл Пагуэжьрэ Хьэгъур Нанурэ зэрыжаIэмкIэ, зекIуэ гъуэгу тетым я хъумакIуэу щытар Созэрэщщ. «Унагъуэтхьэу» щыт Созэрэщ сабийхэми, сабий узыфэхэми, мэкъумэшми, Iэщ гъэхъунми, зекIуэми я тхьэпэлъытэт. Щыгъуазэ зызыхуэтщIа тексткхэмрэ хабзэ хуэIухуэщIэхэмрэ къазэрыхэщымкIэ, Iуэхупежьэу жьэгу пащхьэ тхьэлъэIу щащIкIэ Созэрэщ и цIэр къыхэхуэу, сыт хуэдэ дауэдапщэхэми хэувэу щыташ. Апхуэдэщ гъавэпэм хэмыIэбэ щIыкIэ жьэгум деж щащIу, зы тхьэмахуэкIэ дунейм къытехьэну Iэщ цIыкIухэм я цIэкIэ а жьэгу дыдэм щрагъэкIуэкIыу щыта тхьэлъэIури. Шыщlэ къалъхуам и хъеррэ зекIуэш зэрыхъуам и фIыгъэкIэ жьэгум и пащхьэ щащI тхьэлъэIухэри армырауэ фIэщхъугъуейщ. ИужькIэ ар яIэщIэхужами, Созэрэщ и цIэкIэ хъуэхъу зэхуэмыдэхэр жаIэу щытагъэнущ.

Лъэпщ Iэщэм и щхьэщыжакIуэт, Аужэдж лIыгъэм, зауэ напэм я тепщэт.

Тхьэщырыпхъухэм я Iуэхур гъэщIэгъуэн дыдэщ. ПыухыкIауэ абыхэм ятеухуауэ зы хъыбар и пэрэ и кIэрэ зэлъэIэсу нобэкIэ IуэрыIуатэм хэбгъуэтэнкъым. Ауэ щIэхщIэхыурэ къебжэкI, хъуэхъубжэ зэхуэмыдэхэм абыхэм я цIэ уащрохьэлIэ, тхьэлъэIу дауэдапщэ хэхаи яIэу зэрыщытам и хъыбар тхыгъэжьхэми уащрохьэлIэ. IуэрыIуэтэжьхэм Тхьэщырыпхъухэм Хьэщырыхъуки Шырыхъу-гуащэкIи еджэу ущыхуэзэнущ. Къэбэрдей ТIуащIэм щатхыжа къебжэкIым мыпхуэдэ сатырхэр хэтщ:

*ХъуэрыхъукъуэкIэ сыдоплъэ,*
*Хъуэхъужьейм си нэхэр доплъызэ,*
*ПащIэ бзииплъым сыкъоплъакIуэ,*
*Шырыхъу-гуащэхэри пызогъаплъэ.*
*Уэ фэнэплъыр уи хьэзырщ,*
*Фадэм и пIащIэри зэтетщ,*
*Гуфэ зэтеткIрэ къыдашэ,*
*IэплIэ-IэплIэкIэрэ къыдахьэ.*
*Шырыхъу-гуащэхэр ди нысэщ,*
*Гунэсу пхузогъэусэ,*
*Нэусэхэр къыуагъэкIуалIэ,*
*КъекIуалIэхэри бдызогъафIэ.*

ЗекIуэ щыIауэ къызэрысыжым и хъыбарыр къэзыIуэхухэм хуащI фIыпежьэхэм ящыщщ мы къебжэкIыр. Текстым къыхэщ Шырыхъу-гуащэр зекIуэлIым зэрыпагъаплъэм, гунэсу зэрыхуагъэхъуахъуэм, нэуэсхэр зэрырагъэкIуалIэм къегъэлъагъуэ ахэр абыхэм я щхьэщыжакIуэу, зекIуэ гъуэгум и хъумакIуэу къалъытэу зэрыщытар. Къэбэрдей адыгэбзэм мащIэ дыдэу фIэкIа ущримыхьэлIэж «нэуэс» псалъэм мыхьэнэ зыбжанэ иIэщ. «Нэуэсыр екIуэлIэн» псалъэ зэрыIыгъыр зэхьэлIар зекIуэлIрат, илъагъур зэрыфIэщIэщыгъуэр, зылъплъэмрэ зытеплъэмрэ гухэхъуэ къазэрыритыр, и плъэкIэмкIэ къызыхыхьэжахэм зэрыхуэзэшар къызэрытещыр къиIуатэу. ЗекIуэм пыщIа щIэныгъэмрэ хабзэхэмрэ щыужьыхым, псалъэри бзэм хэкIуэдыкIыжу хуежьащ.

Ищхьэкlэ къэтхьа къебжэкI цIыкIум поджэж нарт тхыдэжьхэри. ХьэлэмэтращIи, къэбэрдей IуэрыIуатэхэм Тхьэщырыпхъухэм я цIэкIэ псалъэу е хъуахъуэу къыхэщхэжмэ, абазэхэ нарт хъыбархэм ахэр нартхэм кърагъэблагъэурэ ягъэусэу жеIэ. Зэрыусэ щIыкIэр нартхэ гурыхь ящыхъумэ, «Тхьэщырыпхъуу ди нысэ, Тхьэм деж нэсу тхуэусэ», жаIэурэ ягъафIэрт. Ауэ гурыхь ящымыхъумэ:

*Уд фIыщIэ нэ цIу,*
*Зи пэ цIу кIыхь,*
*ДзэпэфIанэ кIыхьыжь,*
*ДзэIунэжьыр зи теплъэ,*
*ЗыIуплъэр зыгъэмэх,*
*Нарт Хэкум ахэр исау*
*Бырсыр дыхэкIыIнукъым,* – жаIэурэ щIэнакIэрт.

Мыбдеж «Тхьэщырыпхъум хуэдэу мэусэ» псэлъафэм «хъуэхъуэн», «тхьэ ельэIун», «тегъэбжэн» жиIэу къызэрикIыр къыхэдгъэщмэ игъуэ хъуну къытщохъу.

Нарт лIыхъужьхэмрэ тхьэхэмрэ къащхьэщыкIыу, Тхьэщэрыпхъухэм я гугъу ящIу зэзэмызэ дыдэщ ущрихьэлIэнур. Ауэ хьэлэмэту зы Iуэхугъуэ ди щхьэкIэ дрихьэлIащи, ари къыхэдгъэщыну дыхуейт. Джэш тедзэныр, куэзыр дзыныр адыгэ щэнхабзэм щыщ зы Iыхьэщ. IуэхукIэ гузавэ цIыхум джэшыдзым е куэзыр зыдзым зыхуегъазэ, а щIэгузавэр абы къехъулIэнрэ къемыхъулIэнрэ зэхигъэкIыну. ДжэшыдзымIэпаIIэ бжыгъэхэр нэхъыбэу зытес джэшыр Iуву зэхэлъу къригъэкIмэ е куэзыр зыдзым лэкъум уэру зэхэту къирихмэ, Тхьэщырыпхъухэр къыхэплъащ, Iуэхури хъунущ, гъуэгуми лъэпощхьэпо къыхэмыхунукъым, жаIэу зэхэпхынут. Тхьэщырыпхъухэм ехьэлIа щIэныгъэм и зы кIапэлъапIэ адыгэхэм я пасэрей фIэщхъуныгъэм къыхэнауэ апхуэдэ щIыкIэкIэ ноби ехъумэ.

Тхьэщырыпхъухэм адыгэ гъащIэм увыпIэшхуэ щаубыду зэрыщытам щыхьэт тохъуэ, псалъэм и хьэтыркIэ, Адыгэ Хэкум щыIа инджылыз зыплъыхьакIуэ Эдмунд Спенсер. Абы мыпхуэдэу етхыж: «Адыгэхэм пщIэ хуащI Тхьэщырыпхъуищым, унагъуэ насыпымрэ гъунэгъу зэгурыIуэмрэ зыхъумэ зэшыпхъуищым. Ахэр икIи зекIуэлIым, гузэвэгъуэ къызылъэIэса зауэлIым и хъумакIуэуи къалъытэ, абыхэм я зекIуэ гъуэгури я нэIэ тету къокIуэкI. Гъуэгу теувэнум е теувам, зи унапIэ зыхъуэжым абыхэм я цIэкIэ зы тыхь имыщIмэ, емызэгъыу къалъытэу зы Iуэхугъуэщ».

ЗекIуэ хуэIухуэщIэхэр мыбдеж щызэхэдгъэувэжа теплъэгъуэхэм нэхърэ нэхъыбэ къызэщIаубыдэу зэрыщытам шэч хэлъкъым. ЗекIуэр адыгэ гъащIэм и зы институтщ, кууэ хэпщIауэ, цIыху зэхущытыкIэ хабзэ зыкъом зэригъакIуэу. КъытхуэтIэщIыжа мащIэрщ фи пащхьэ итлъхьари.

**ТАБЫЩ Мурат,**
*«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель.*






# Прунж лэкъум



Шхум содэ, шыгъу, фошыгъу, шатэ халъхьэри бэлагъкІэ фІыуэ зэІащІэ. ИтІанэ прунж хьэжыгъэ ухуэнщІа тІэкІу-тІэкІуурэ хакІутэурэ, хупцІынэр хъудыру япщ. Абы и ужькІэ ар я Іэр псы щІыІэм хащІэурэ нартыху лэкъумым ещхьу пІащІэ хъурейуэ ящІ, тебэм ит тхъу къэплъам халъхьэри зэрагъэдзэкІыурэ тхъуэплъ дахэ хъуху ягъажьэ. Шху, шатэ, шэ щІыІэ докІу. Шейми драф.

*Халъхьэхэр (цІыхуиплІ Іыхьэ):*
шхууэ - грамм 500,
прунж хьэжыгъэу - грамм 570-рэ,
содэу - граммы 10,
фошыгъуу - грамм 80,
шатэу- грамм 50,
тхъууэ - грамм 200,
шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

# Шэ, шху дэпшхреймэ...

♦Холестерин зи куэдым нартыхум къыхэщІыкІа шхыныгъуэ куэд ишхыреймэ, холестериныр мащІэ ещІ, шлакхэри къыхеху.

♦Лы цІынэр зэІымыхьэн щхьэкІэ адыгэхэм фо щахуэу щыташ.

♦Мыващхъуэр къущхьэхъу кърахырт. Езы мывэр папцІэ цІыкІуу щытщ. Ар сапэкІэ ятхъунщІырт, сабэм хуэдэу къытекІар уІэгъэм трагъэщащэрти уІэгъэр хъужырт.

♦КІэртІофым къыхэщІыкІа шхыныгъуэ куэд зышхыр пшэр мэхъу.

♦Іэщышхуэ, Іэщ цІыкІухэм ял гъэвар щашхкІэ адыгэхэм бжьыныху шыпсым пІастэ ирагъэпщІыркъым, ирагъэпщІыр лыращ.

♦ЩІалэ къыхуалъхуамэ, фокІэ пщауэ хугу хьэжыгъэ яшхырт, щІалэр гъур мэхъу жаІэрти.

♦ХьэлІамэ кІупІинэм щІэхщІэхыурэ хуабэу шэ, шху дэпшхреймэ абы ІэпкълъэпкъыМ хэлъ шлакхэр къыхегъэкІ, напІэ зэлъахэри егъэхъуж.

♦Лъыр зи мащІэ цІыхум щынэ цІыкІу хуаукІырти и тхьэмщІыгъур хуабэу кърахт, тыкъыр цІыкІуу яупщІатэрти имыгъэныщкІуу ирагъэгъэлъэтэхырт. Хуэмышхыу Іумпэм ищІмэ, ягъэвэпхъырт.

# Шы зыгъуэт нэху тещхьэркъым

**Си тхъэгъуэм си гъуанэдэплъэ, си лъаджэгъуэм къыслъимыплъэж.**

«Сыщыкъулейм къыскІэлъыкІуащ, къулейсыз сыхъури - и щІыбагъ къысхуигъэзэжащ», - жыхуиІэщ.

**Хьэ пэтрэ и шырыр дзапэкІэ зэрехьэ.**

Адэ-анэм быным я деж щаІэ къалэныр хьэлэлу ягъэзэщІэн хуейщ, мыхьэнэр иІэщ.

**Шы зыгъуэт нэху тещхьэркъым.**

ЦІыхум къыхузэпищам, къехъулІам гу щимыхуэ щІыкІэ щыхэкІыжым, щыфІэкІуэдыжым деж хужаІэ хабзэщ.

**Сыт ухуейми жыпІэфынущ.** Зи хъыбарым, псалъэмакъым мыхьэнэ ирамыт цІыхум хуэгъэзауэ къапсэлъ.

**Ухэныпэ нэхърэ - лъэхъуэмбыщІэ.**

ПщІэ зиІэ, сэбэпышхуэ зыпылъ гуэр зыІэрыбгъэхьэ щымыхъум деж щыІэмкІэ, узыпэлъэщымкІэ арэзы уохъу.

**Пщыхьэщхьэ акъылым нэхърэ - пщэдджыжь акъыл.**

Пщэдджыжьым псори нэхъ гъэбелджыла, убзыхуа хъункІэ гугъэу Іуэхум и унафэр пщэдджыжь пщІондэ щагъэІэпхъуэм деж жаІэ хабзэщ.

**ЩАУЭ Къэлидар.**

# КъарыкІыр сыт?

**Жыджэрыбжьэ.** ЩІыхьэхум епха хабзэщ. Мэз е мэкъушэж щІыхьэху щащІам деж псом япэ и Іуэхур зэфІигъэкІыу къэсыжа гущхьэІыгъым фадэбжьэ иратырт. Абы жыджэрыбжьэкІэ еджэу щытащ. Хабзэр кІуэдыжащ.

**Уэкъулэ.** ЦІыхур къулейсыз дыдэ хъуамэ, шхынрэ фадэрэ зэригъэпэщыртии, и ныбжьэгъу, и цІыхугъэ зыдэс къуажэ кІуэрт «уэкъулакІуэ сыкъэкІуащ», жиІэрти. Ар здэкІуам ефэ-ешхэ къызэІуихыртии, и къуажэгъухэр кърагъэблагъэрт. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми лъэІуакІуэ кІуам хузэфІэкІ тыгъэ къыхуищІырт. Хабзэр кІуэдыжащ.

**МеркІафэ.** УэкъулакІуэ нэгъуэщІ къуажэ кІуа цІыхум къызэригъэпэщ ефэ-ешхэм меркІафэкІэ еджэрт. Апхуэдэу щІеджэри абы зы меркІэ из нэхърэ нэхъ мащІэ кърат зэрымыхабзэр арауэ къыщІэкІынут. Хабзэр кІуэдыжащ.

**Мэрем мэкъуауэ.** Ипэ зэманым щыІа хабзэщ. Къуажэм къулейсызу, цІыхухъу лэжьакІуэ зэрымыс унагъуэу, зи мэкъур пызымыупщІыжыфу дэсхэм цІыхухэр зэхыхьэурэ я мэкъур хупаупщІу щытащ. Ар мэрем махуэм ирагъэхьэлІэрти, абы щхьэкІэ мэрем мэкъуауэ фІащащ. Хабзэр здэщыІар Къармэхьэблэщ, иджы кІуэдыжащ.

**Хэхашэ.** Нысэ къэзыша унагъуэм пхъэгъэсын къаригъэшэн папщІэ къызэригъэпэщу щыта щІыхьэхум хэхашэкІэ йоджэ. Хабзэр кІуэдыжащ.

**ЩІыхьэху.** Ижь лъандэрэ адыгэхэм яхэлъ хабзэщ. Зы цІыху гуэрым е унагъуэм и закъуэ къарукІэ Іуэху къыпэщылъыр хузэфІэмыгъэкІынумэ, и къуажэгъухэм, Іыхьлы, благъэхэм яжриІэрти щІыхьэху ищІырт. ЗэдэІэпыкъуурэ Іуэхур зэфІагъэкІырт. ЩІыхьэхур нэхъ къыщагъэсэбэпу щытар щІым щытелэжьыхьхэм, унэ, псэуалъэ щащІхэм, цы щыгъуэхэм, дамыгъэ тедзэхэм дежт. ЩІыхьэхум хохьэ сыт хуэдэ зэдэІэпыкъуныгъэри. Хабзэр иджыри щыІэщ.

# Нэ илъагъу нэ ещІэж

**♦Гъатхэ унэ гъуанэщ.**

**♦Дыжэф пцІанэ хъуркъым.**

**♦Дыщэр и Іэм къыпощ.**

**♦ЗыщІ нэхърэ еплъ нэхъ Іэзэщ.**

**♦Нэ илъагъу нэ ещІэж.**

**♦Улажьэу ушхэжын нэхъыфІ щыІэкъым.**

**♦Хэкужьыхьэ лъэщщ.**

**♦ХамэІэр Іэгъэзагъэ щхьэкІэ, гугъэзагъэкъым.**

**♦Іуэху пщІыр Іуэху мэхъу.**

**♦Хамэхьэр къохьэри унэхьэр ирехху.**

**♦Джатэрыпщ нэхърэ пщы Іущабэ.**

**♦Жылэм я мыгъуэ я гъуощ.**

**♦Пщы зыфІэпщым пщылІ къыпфІещ.**

**♦Хамэ ущие тхьэмахуэщ, хабзэ хьэху махуищщ.**

**♦Хамэр гъэшэраши унэр гъэшэрыуэ.**

## Хъуапсэ

ДэнэкІи зэщІогъагъэ,
ДэнэкІи мэхъур дахэ.
Хэзыгъахъуэр си гъащІэр
Уэ къызэпт гугъэ мащІэрщ.

## Сыгъэтх

Си махуэр узотыр,
Си гъащІэри щІыгъуу.
Си нэгу укъыщІохьэр,
ДыщэпскІэ узолэр,
Си дыгъэ, си гъатхэ,
Тэмэму сыгъатхэ.
Сыгъэтх си гум къеуэр,
Сыгъэтх ямылейуэ.

## СфІэкІуэдыжар...

СыхокІуатэ, макІуэр гъащІэр,
Мурад сщІахэр нахуэ мыхъу.
Дызэгъусэу блэкІа гъатхэр
Мы дунейм щызмыгъуэтыж.
Шэмрэ лъымрэ зэхэлъадэу
Си нэкІущхьэр щыщытар,
Къысщыхъужми, сэ дыгъуасэу...
Мис аращ сфІэкІуэдыжар.

**ТАУ Нинэ.**

# Мывэш

Джэгур щІалэ цІыкІухэрщ. Ахэр нэхъ иныхукІэ нэхъ мывэшхуэ къащтэ. «Мывэшыр» мывэ хъурей быдэщ. ЩІалэ цІыкІуитІым Іэ лъэныкъуэкІэ яхуэдзын хуэдэу мывэ зырыз къащтэ. Абы зым и мывэр едз (игъажэркъым), мыдрейм и мывэр абы ирегъапщэри йоуэ. Абы щыгъуэми, техуа-темыхуа иІэкъым, нэхъ жыжьэ зэрыІулъэтыным хэту. Апхуэдэу гъуэрыгъуу зэтэурэ зым и мывэр адрейм ейм пэгъунэгъуу къызэтеувыІэмэ, япэм и мывэр къещтэри ІитІымкІи иІыгъыу мыдрейм ейм зэрылъэкІкІэ йоуэ. Ар икъутэфрэ - текІуащ, имыкъутэфрэ, мобы и чэзу хъуащи, и мывэр къещтэри йоуэ. Щеуэм деж зыгуэрым и мывэр лъеямэ, аргуэрыжьу зэтэу щІадзэ. Аргуэру зэпэгъунэгъу хъуакъэ, зым и мывэр адрейм икъутэну зэрифІэщкІэ йоуэ. Зым и мывэр къутамэ, абы нэгъуэщІ мывэ къищтэну хуитщ, ауэ зы «мывэш» фІахьэхуауэ ялъытэ. Аращи, мывэ нэхъыбэ зыкъутэфыр токІуэ.

«Мывэшым» нэмыщІауэ, мывэ пІащІэ къащтэурэ зым ейм адрейр етэуи мэджэгу, ауэ мыбы къару лей ихьыркъым, хэт нэхъ ІэфІэми къащІэу аращ.

**МАФІЭДЗ Сэрэбий.**

# Псалъэзэблэдз



***ЕкІуэкІыу:*** **1.** Лыр варэ мыварэ къызэращІэм зэреджэр. **5.** Гъэмахуэ ... е щІымахуэ ... **6.** Нартыху хъумапІэ. **8.** ... гъущэрылъэ фыз игъэплъа лІырэ. **9.** Драматург цІэрыІуэ. **10.** Хамэм и сабий хуэзыпІ цІыхубз. **11.** Гъавэ къэкІыгъэ. **12.** ГъэшхэкІ. **14.** Сэхуран гъэлыгъуа зыщэхэм яшыхь тхылъымпІэ. **16.** Дзэлыкъуэ щІыналъэм щыщ къуажэ.

***Къехыу:*** **1.** Къуаргъ лъэпкъ, и пэр хужьыфэу. **2.** Гъэмахуэ хъупІэхэм ... уэр къыщаш. **3.** ... - ешхэ. **4.** Мэзым кІуэцІрыкІ ... лъагъуэ. **7.** Ди гъунэгъу щІалэм ІэпкълъэпкЪ ... иІэщ. **8.** Ар псы Іуфэхэм, псыпцІэм къыщокІ. **11.** БжэІулъэ. **13.** Адыгэш. **14.** Ахъшэ жыгъей. **15.** Пасэрей Іэщэ зэрыпыджэ.

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**

***Накъыгъэм и 14-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***Къехыу:*** **1.** Нэхъыжь. **3.** Делэм. **4.** УэфІым. **6.** ЛэжьакІуэжь. 7. Мылэжьэф. **10.** Нэр. **11.** Пэт. **14.** ЩІэным. **15.** Щылъым. **18.** ФызыфІ.

***ЕкІуэкІыу:*** **2.** Джэд. **5.** Уемыжьэу. **8.** Уэрэд. **9.** ЩІыбым. **12.** Іэщэр. **13.** ХьэщІэр. **16.** Іэнэм. **17.** ЩІыхуэр. **19.** Бысымыр. **20.** ФІыр.

ЩIэблэ • Щэнхабзэ



# Кремлым ирагъэблагъэ щыхъуакIэ...

**КъБКъУ-м уэрэдымрэ къафэмкIэ и «Амикс» уэрэджыIакIуэ гупым хэта, Темыркъан Юрэ и цIэр зезыхьэ Сабий музыкэ школ №1-мрэ Налшык къалэм и гимназие №14-мрэ я гъэсэн Куэцэ Идар и ныбжьым емылъытауэ макъамэм ехьэлIауэ къалэн куэд пщэрылъ зыщещIыж икIи зэфIэкI инхэр къегъэлъагъуэ.**

И НЫБЖЬЫР илъэсиплI фIэкIа щымыхъум, Идар макъыфI зэриIэм, нотэм техуэу уэрэд зэрыжиIэм и адэшхуэм гу лъитащ икIи «Амикс» театрым и унафэщI, и ныбжьэгъу Къул Амир и деж зимыгъэгувэу ишащ. А зэманым гупым хэт нэхъыщIэхэм я ныбжьыр илъэси 7-8 хъурт. И макъым едаIуэри, хагъэхьэну мурад ящIащ. ЯпэщIыкIэ Идар Къул Ланэрэ Амиррэ, иужьым япхъу Даянэ дэлэжьащ. ЩIалэ цIыкIур зэпеуэ куэдым пашэ зэрыщыхъуам абыхэм я фIыгъи хэлъщ. Макъамэм зэфIэкI инхэр щызэзыгъэхъулIэ, республикэм и цIэр фIыкIэ зыгъэIу Куэцэ Идар мы зэманым я гъэсэнщ Гараевэ Полинэрэ Кононовэ-Навицкая Иринэрэ, актёр Iэзагъэм хуэзыгъасэхэу Уманец Михаилрэ Тэмазэ Лиуанрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа, зи хьэрхуэрэгъухэм ефIэкIыу къалъыта Куэцэ Идар Николаевым и музыкэ академием къызэригъэпэща «Пщэдджыжь вагъуэ» дунейпсо зэпеуэ зэIухам япэ увыпIэр 2019 гъэм къыщихьащ, къэпщытакIуэ гупым щыщхэм бал нэхъыщхьэхэр къыхуагъэфащэри. КъыкIэлъыкIуэу ар мы гъэм и зэфIэкI щеплъыжащ «Голос. Дети» зэпеуэм.

- Идар хуабжьу къызэлъэIурт «Голос. Дети» нэтыным и тхылъхэр езгъэхьыну. Сабий мин бжыгъэхэр зыщIэлъэIу программэм ухэхуэну зэрымытыншым къыхэкIыу ар згъэкIуатэрт, игу щрилъхьакIэ Iэмал имыIэу зэгуэр абы и зэфIэкI зэрыщеплъыжынур къызгурыIуэми. Иужьым арэзы сытехъуэри, и тхылъхэр езгъэхьащ икIи мыгувэу проектым драгъэблэгъащ. Идар абы щыжиIащ Доницетти Гаэтано и «Любовный напиток» оперэм хэт Неморино и ариер. Ар Паваротти Лучано и репертуарым щыщщ, - игу къегъэкIыж Идар и анэ Мадинэ. - Бастэрэ Крид Егоррэ я гупэр къыхуагъэзами, Идар Гагаринэ Полинэ и гупыр къыхихащ, классикэ уэрэдхэр проектым зэрыщыжиIэм къыхэкIыу. Иужь Iыхьэм Идар Бойкэ Даниилрэ Омирбайулы Сагынрэ я гъусэу Сафинэ Алессандрэ и «Luna» уэрэд дахэр ягъэзэщIащ. Къэзахъстаным щыщ Омирбайулы Сагын проектым щытекIуами, Идар гуапэ щыхъуащ цIыху куэд и телъхьэу зэрыщытар. Ар зэпеуэм нэхъри ипсыхьащ икIи мурад ищIащ къэмыувыIэу и зэфIэкIым хигъэхъуэну, и цIэр нэхъ жыжьэ щигъэIуну.

Жанр зэмылIэужьыгъуэхэм - академие вокал, эстрадэ, кроссовер, нэгъуэщI лIэужьыгъуэхэми и зэфIэкI щоплъыж уэрэджыIакIуэ щIалэр. Зыдэплъей артистхэм ящыщщ Кудайберген Димаш, Фабиан Ларэ, Адель, Пинк, нэгъуэщIхэри. Налшык и Сабий музыкэ школым Титовэ Людмилэ и деж фортепианэм зыщыхуегъасэ. ИнджылызыбзэкIэ итх уэрэдхэм макъамэхэр щIилъхьэурэ фортепианэкIэ егъэзащIэ. Уэрэд жыIэным къыщыдэхуэхэм деж, Идар усэ, тхылъ къеджэну, ятIэ гъэжьам зыгуэрхэр къыхищIыкIыну фIэфIщ. Макъамэр япэ иригъэщми, курыт еджапIэми закъыкIэримыгъэхуу щоджэ. АбыкIэ щапхъэщ техникэ щIэныгъэхэм я доктору, профессору щыта и адэшхуэр.

КъыжыIапхъэщ, Идар нэхъапэIуэхэми макъамэ зэхыхьэ куэдым пашэ зэрыщыхъуар. УэрэджыIакIуэр щытекIуащ усэ, прозэ къеджэнымкIэ «Зажигаем новые звёзды» V дунейпсо фестиваль-зэпеуэм (Сочэ), Крутой Игорь и академием къызэригъэпэща «Академия талантов» урысейпсо фестивалым (Краснодар), «Твой голос» дунейпсо фестиваль-зэпеуэм (Москва), «Радуга над Нальчиком» дунейпсо зэхьэзэхуэм (Налшык), «World Art Games» (Испание), «Золотой голос России» дунейпсо фестивалым (Москва), нэгъуэщI зэхьэзэхуэхэми. Куэцэ Идар Кремлым и Уардэунэм ирагъэблагъэри, накъыгъэм и 9-м ирихьэлIэу къызэрагъэпэща «Спасибо за верность, потомки» махуэшхуэ концертым хэтащ. Абы Кунгуров Евгенийрэ Ибрагимов Ренатрэ я гъусэу игъэзэщIащ «Бессмертный полк» уэрэдыр. Агутин Леонид Сочэ мыгувэу щригъэкIуэкIыну зэхуэсми хэтыну ирагъэблагъэри, мастер-классхэр, зэIущIэ гъэщIэгъуэнхэр, зэпеуэ щIэщыгъуэхэр къыпоплъэ.

Макъамэр зи псэм хэлъ щIалэ цIыкIум иджыри ехъулIэныгъэ инхэр зыIэригъэхьэну, и вагъуэр куэдрэ блэну ди гуапэщ!

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# Снайпер цIэрыIуэм и фэеплъ зэхьэзэхуэ

**Техник ныбжьыщIэхэм я станцым, Нало Залым и цIэр зэрихьэу Нарткъалэ дэтым, щекIуэкIащ пневмат фочымкIэ нэщанэ еуэнымкIэ Аруан районым и зэхьэзэхуэ. Ар фэеплъ хуащIащ Хэку зауэшхуэм лIыгъэ щызэрихьэу хэта Жамборэ Щэуал. Абы и фэеплъ зэхьэзэхуэм хэтащ Аруан районым и курыт еджапIэхэм щIэсхэр.**



ЗЭПЕУЭР къызэрагъэпэщащ Жамборэм и фэеплъыр тхыдэм къыхэнэн, дзэ-прикладной спорт лIэужьыгъуэхэм зегъэужьын, ныбжьыщIэр хэкупсэу къэгъэтэджын мурадкIэ. Ахэр хуэунэтIащ школакIуэхэм хэкум и тхыдэр яджынымрэ нэмыцэ фашистхэм япэщIэту цIыхубэм къагъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэмрэ яхуэIуэтэнымрэ. Къищынэмыщlауэ, зэхьэзэхуэхэр сэбэп хуэхъунущ спортсмен зэчиифIэхэр къыхэшынымрэ абыхэм щIэгъэгъуэн егъэгъуэтынымрэ. Дзэ къулыкъум къыдэкIуэтей ныбжьыщIэхэр хуэгъэхьэзырыным хуэунэтIа лэжьыгъэшхуэщ мыпхуэдэ зэхыхьэхэр.

Зэхьэзэхуэр къыщызэIуахым Техник ныбжьыщIэхэм я станцым и унафэщI Нало Юрэ къызэхуэсахэм ехъуэхъуащ икIи фочкIэ нэщанэ еуэнымкIэ район зэпеуэм хэтхэм зэфIэкI лъагэ къагъэлъэгъуэну зэрыщыгугъыр къыхигъэщащ.

КъызэгъэпэщакIуэхэм ящыщ Гулэжын Беслъэн спортсменхэмрэ абыхэм я зэпеуэм кIэлъыплъыну къэрихьэлIахэмрэ яхуиIуэтэжащ снайпер цIэрыIуэ Жамборэ Щэуал зэрихьа лIыхъужьыгъэхэм ятеухуа хъыбархэр.

Гуп зэхьэзэхуэм очко нэхъыбэ щызыIэрагъэхьащ Нарткъалэ дэт курыт еджапIэ №2-м и еджакIуэхэм (очко 72-рэ). Абыхэм къакIэлъокIуэ курыт еджапIэ №6-р (очко 64-рэ). Ещанэ увыпIэр яубыдащ очко 59-рэ къэзыхьа Нарткъалэ дэт лицей №1-м и щIэсхэм.

Щхьэзакъуэ зэпеуэм хъыджэбз цIыкIухэм я деж пашэныгъэр щиубыдащ Нарткъалэ и курыт еджапIэ №5-м щеджэ Фырэ Ясминэ. Къэхъун къуажэ и курыт еджапIэ №1-м и еджакIуэ Абазэ Заринэ етIуанэ увыпIэр къихьащ. Ещанэ хъуащ Нарткъалэ и курыт еджапIэ №2-м щIэс Даур Даринэ.

ЩIалэ цIыкIухэм я зэхьэзэхуэм япэ увыпIэр щиубыдащ лицей №1-м и еджакIуэ Тамбий Астемыр. Нарткъалэ дэт курыт еджапIэ №2-мрэ №6-мрэ щеджэхэу Тэхъу Ахьмэдрэ Къумыкъу Азнауррэ етIуанэ, ещанэ увыпIэхэр къахьащ.

Командэхэм я унафэщIхэм я зэпеуэм нэхъ Iэзэу нэщанэ щеуащ Нартакъалэ и курыт еджапIэ №2-м и гъэсакIуэ ГъукIакъуэ Арсен. Абы къыкIэлъокIуэ Езий Артуррэ (Къэхъун курыт еджапIэ №1) Псынабэ къикIа командэм и пашэ Абазэ Рашидрэ.

Спайпер цIэрыIуэ Жамборэ Щэуал и фэеплъ зэхьэзэхуэм щытекIуахэмрэ къыщыхэжаныкIахэмрэ кубокхэр, дипломхэр, грамотэхэмрэ медалхэмрэ иратащ Нало Юрэрэ Аруан районым и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Езий Юрэрэ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

# Тимур и ехъулIэныгъэ



**Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ институтым иджыблагъэ щекIуэкIащ «5 веков органной музыки» фIэщыгъэм щIэт пшыхь гуапэ.**

Ар къызэзыгъэпэщар Гъуазджэхэмкlэ институтыр ехъулIэныгъэ иIэу къэзыуха щIалэщIэ, Сафонов Василий и цIэр зэрихьэу Кисловодск дэт Кавказ Ищхъэрэ къэрал филармонием Органнэ макъамэмкIэ и къудамэм и унафэщI Къардэн Тимурщ.

Лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм псэуа цIыху телъыджэхэм ятха макъамэхэм щIигъэдэIуащ абы къызэхуэсахэр (пэшым щIэзу къекIуэлIат). Букстехуде Дитрих, Бах Иоганн, Мандельсон Феликс, XX лIэщIыгъуэм зи цIэ къыхэщхэу Таривердиев Микаэл, Янченкэ Олег сымэ я IэдакъэщIэкIхэм щыщ игъэзэщIащ щIалэм.

Пшыхьыр езыгъэкIуэкIа Санэ Эллэ макъамэ цIэрыIуэхэм я хъыбарыр жиIэжурэ, абыхэм зэман-зэманкIэ яIа щIэупщIэм теухуауэ къэпсэлъащ.

Къызэхуэсахэм органнэ макъамэр къызэрымыкIуэу ягу зэрырихьыр, зэрыдихьэхыпар къэлъагъугъуейтэкъым, уеблэмэ абыхэм я лъэIукIэ Къардэным къытригъэзэжурэ игъэзэщIащ Бах Иоганн и IэдакъэщIэкI цIэрыIуэхэм ящыщ.

Макъамэ телъыджэ къэзыгъэIу органым еуэфу ди щIыналъэм ис зырызхэм ящыщщ Къардэныр. 2019 гъэм абы ди республикэм япэу къыщызэригъэпэщауэ щытащ орган макъамэм и концерт.

Нэхъ гугъу дыдэу къалъытэ макъамэ Iэмэпсымэм щIалэр хуезыгъэсар Урысейм щIыхь зиIэ и артисткэ, Сафонов Василий и цIэр зэрихьэу Кисловодск дэт Кавказ Ищхъэрэ къэрал филармонием и генеральнэ директор - художественнэ унафэщI Бережная Светланэщ. Ар и зэфIэкIрэ IэзагъкIэ ди къэралым и мызакъуэу, хамэ щIыпIэхэми фIыуэ къыщацIыху. Тимур жеIэ апхуэдэ цIыхум и деж зэрыщеджар насыпышхуэу къызэрилъытэр.

Къардэным органыр къызэрищтари гъэщIэгъуэнщ. КъБР-м и къэрал филармонием илъэс куэдкIэ Iуэхуншэу щIэта (къэзыгъэсэбэпын, абы еуэфын яIэтэкъым) Iэмэпсымэм Тимур дихьэхри, пщыхьэщхьэ къэс кIуэурэ, ар зэрызэпкърылъыр езыр-езыру зэригъэщIауэ щытащ. ИужькIэ, программэ игъэхьэзырри, Гъуазджэхэмкlэ институтым «Органист» унэтIыныгъэмкIэ магистратурэм щIэтIысхьэжат. ИкIи къехъулIащ. Тимур илъэс къэс программэщIэ игъэхьэзырурэ концертхэр ет. Бережная Светланэ, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Абдуллин Рубин, Австрием, Франджым, нэгъуэщI къэралхэми щыщ органист цIэрыIуэхэм концерт щаткIэ, Тимур дэIэпыкъуэгъуу ирагъэблагъэ.

Сыхьэтрэ ныкъуэм щIигъукIэ Къардэным игъэзэщIа макъамэ цIэрыIуэхэм композитор ХьэIупэ Джэбрэlил итха зэрыхэтри уи гуапэ мыхъуу къанэркъым.

Дунейпсо зэпеуэ куэдым къыщыхэжаныкIа щIалэм и зэфIэкI, ехъулIэныгъэ нэхъыбэ хъуну дохъуэхъу!

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.
ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ «Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 2.041
Заказ №1065